

VAHEBHERU, CHITSAUKO

CHECHITANHATU ²



. . . kunzvera Shoko raVo rinokosha.

Ndapinda, nguva yapfuura, zvino ndanga ndakatakura maBhaibheri maviri. Uye ndava nehurukuro diki nemumwe mudzimai kumashure kuno, zvino ndamuudza kuti kana ndikaparidza kubva maari ari maviri, ndinofanira kuva nechidzidzo chakanaka kwazvo. Asi iri idudziro kubva muchiGiriki, saka pangori nechimwe chinhu chandiri kuda kuverenga kubva mune iri, manheru ano. Ndiro—ndiro. . . Ndiro dudziro yeizwi neizwi, kubva muchiGiriki chepamavambo, kuisa muChirungu. Uye range riri betsero yakawanda kwandiri mukufamba. Uye ndinongoda kuverenga chimwe chinhu kubva mariri, nokuti zvino tiri kudzidza muBhuku rino raVaHebheru, uye tave kunguya kune zvirevo zvakadzika chaizvo.

²¹⁹ Zvino ndaudza Hama Neville, maminiti mashoma apfuura, “Tiri kupinda muchikamu icho vanhu vanokwenya misoro yavo zvino ndokuti, ‘Handitendi izvozvo.’” Maona? Ndiyo mhando yatinopinda mairi. Ndipo patinozvida.

²²⁰ Mumwe mushumiri akati kwandiri, akati, “Zvino, ndinofungidzira kuti kuchave nekukwenya musoro kwakawanda.”

²²¹ Ndikati, “Ndizvo zvatinoda kuita.” Maona?

²²² Bhaibheri rinogona bedzi kureva chinhu chimwe chete. Harikwanisi kuva nezvirevo zviviri. Uye kana chimwe chikamu cheBhaibheri chikataura chinhu chimwe, uye chimwe chikamu cheBhaibheri chotaura zvimwewo, ipapo chimwe chinhu chakatsveyama. Maona? Chinofanira kutaura chinhu chacho, nzira yose kunoguma. Asi, rangarirai, mukufunda Bhaibheri, “Rakavanzwa kumeso evakachenjera navakangwara, uye rakazarurwa kuvacheche,” nokuti iBhuku romweya.

²²³ Uye haRisi bhuku rekumadokero. IBhuku rekumabvazuva. Uye pane chinhu chimwe chete chinogona kuRidudzira, zvino ndiwo Mweya Mutsvene. Ndinoziva kuti mumwe nemumwe wedu anoda kutaura, kuti, “Mweya Mutsvene uri kutitaurira zvatintenda maRiri.” Saka, zvino, kana Gwaro rose rikanyatsoenderana zvimwe chete, zvino ndiwo Mweya Mutsvene. Kana rikasaenderana, uye riine gwanza *pano*, uye negwanza neche *apa*, zvararo pane chisina kumira zvakana nekutenda kwedu. Uye, oo, IBhuku rinoshamisa kwazvo.

²²⁴ Zvino, ndinoda kuti multe izvi patinenge tichidzidza. Zvino, tinofanira kubva mangwanani-ngwanani kuenda kuWyoming, Ishe vachitendera. Tinyengeterereiwo.

Uye vhiki rinotevera iri, Hama Graham Snelling, pano... Vari pano. Ndavanzwa, maminiti mashoma apfuura, vachipa chiziviso chavo. Uye chechi ino iri mukushandira pamwe kwakazara nerumutsiro rwavo. Uye tiri kunamata kuna Mwari, kuti vavape rumutsiro rwunodarika, rwakawanda, rukuru. Hama Graham vakaitira rumutsiro kuna Hama... kumusoro kuno kuCharlestown, Hama Junior Cash, uye pakanga paine vakatendeuka zana chaivo, ndinotenda. [Mumwe anoti, "Makumi masere nevana."—Mupepeti] Vakatendeuka makumi masere nevana. Saka, pane izvozvo, tinopa Mwari rumbidzo. Uye tinovimba kuti rwuchange ruwine mazana mashanu nemakumi masere nevana kumusoro kuno, munzvimbo iyi kuno.

²²⁵ Hama Graham vasangana neni nhasi, zvino vati, "Zvino, Hama Bill, ndine chokwadi chokuti munonzwisisa kuti handisi pano kuti nditange rimwe basa rinopesana netabhenakeri, nokuti ndiri chikamu chetabhenakeri." Vangori pano kuti... Vanonzwa pamwoyo pavo kuti vanoda kuita rumutsiro, uye Ishe vachivatungamirira kuti vazviite. Uye—uye vanokoka vanotendeuka, uye vane chechi, yokunyatsa kuvadururira mairi chaimo, "Heino chechi yemumusha, kana ukapinda, tendeuka."

²²⁶ Uye ibasa redu, seMakristu, kuvatsigira nezvose zvatinogona. Uye Ishe varopafadze Hama Graham. Uye imi, mose, munokokwa nomufaro kumusangano waHama Graham kumusoro kuno, nemvumo yakazara kubva kucheche ino, nekushandira pamwe zvizere mukuvabatsira nechero nzira zvayo yatinogona, kuitira mweya yakarasika uye nokuHumambo hwaMwari.

²²⁷ Ishe vakuropafadzei, Hama Graham, vakupei misangano mikuru. Havazive pavachavharira. Vachangotanga. Uye saka, Hama Graham vakavawo nazvo seni, nguva zhinji *dzakanaka nedzakaipa*. Ndiwo mafambiro anoita hupenyu. Zvinoita kuti iwe uyemure nguva *dzakanaka* mushure mekunge wapfuura nemune *dzakaipa*. Kana munhu akawa orara ipapo, imbwende. Ndine chivimbo kana munhu akasimuka oedza zvakare. Ndizvozvo. Ndine chokwadi chekuti munogona kududzira zvandi kureva. Zvino, musazvikanganwe, vhiki rino rinouya.

²²⁸ Zvino, muBhuku rino reVaHebheru, hatisi kuzatora nheyo manheru ano.

²²⁹ Zvino, Svondo inouya, Ishe vachitendera, Hama Neville vachazivisa. Hama Cox vari pano, kana vamwe vavo, vachavazivisa, kana tiri tapinda tabata nguva yemusangano weSvondo inotevera. Vachazvizivisa paredhiyo. Uye tiri... Imi mose muteerere kune redhiyo yavo zvino, uye—uye—uye kokai vavakidzani venyu vose kuti vateerere. Ndinowana

mufaro chaiwo pakuteerera kuparidza nokuimba kwavo, vaimbi vana vekwaNeville. Handitauri kudaro nekuti vakagara pano. Kana ndikataura izvozvo, uye ndisingarevesi mumwoyo mangu, ndinenge ndiri munyengeri. Ndizvozvo. Ndinofanira kutendeuka. Asi ndinozvirevesa. Uye ndingasva ndavapa karuva kadiki zvino pane maziruva akawanda mushure mekunge vaenda.

230 Imwe nguva ndakanga ndichifamba ndichibuda pamukova apo, zvino paiva nomumwe mudzimai akauya nepo, zvino akati, “Hama Branham, oo, ndafadzwa kwazvo nemharidzo iyoyo!”

231 Ndikati, “Maita henyu.” Zvakaita kuti ndinzwe zvakana.

232 Mumwe munhu akauya nepo, akati, “Hama Branham, ndafadzwa nemharidzo iyoyo.”

233 Ndikati, “Maita henyu.”

234 Pakanga paine muparidzi mudiki ipapo, aibva kumusoro kuno kunzvimbo yekuchamhembe kwenyika, mudunhu, akati, “Mwari ngavarumbidzwe, handidi kuti vanhu vadade neni saizvozvo.”

235 Ndakati, “Ndinodaro.” Uye ndikati, “Pane musiyano mumwe chete pakati pangu newe. Ndakatendeka hangu pazviri.” Ndizvozvo chaizvo. Tose tinoda kunzwa mashoko akanaka achitaurwa pamusoro pedu. Uye ndi—ndinofunga zvakana kutaura mazwi akanaka nezvazvo. Uye kana uchida kuti mumwe munhu ataure mashoko akanaka pamusoro pako, taurawo mashoko akanaka pamusoro pomumwewo munhu. Ndiyo nzira yekuzviita izvozvo, saka iwe uchagara uchitaura zvinhu zvakana kisa zvaungagona pamusoro pemunhu wese. Uye izvozvo zvinoita kuti vhiri rikunguruke zviri nani.

236 Zvino, mune iyi, Svondo inotevera, Ishe vachitendera, pamaonero angu, tine, kungoramba tichingodzika nekudzika mune zvakavanzika zvikuru zvaMwari izvi. Tiri kuenda kuna Merkizedheki: Aiva Ani, kwaAkabva, kwaAkaenda, zvakaitika kwaAri, uye nezvose zvaMerkizedheki.

237 Uye zvino, manheru eChitatu chapfuura, Hama Neville vakarova pachitsauko chokupedzisira cheHumwari nehuprisita hwepamusoro-soro hwaIshe wedu Jesu, hunotangira pamavambo, “Mwari, munguva dzakare nemitowo yakasiyana-siyana vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporo fita, muzuva rino rokupedzisira vakataura kwatiri kubudikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu.”

238 Zvino anoenderera mberi, otanga kutaura nekuratidza kuti Aive Ani, ndokuMuunza kuChitsauko 5, panoperera chitsauko 5.

239 Zvino kutangira pachitsauko 6, tawana izvi muchidzidzo chedu mangwanani ano.

Naizvozo tichisiya nheyo dzepakutanga dzedzidziso yaKristu, ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa; . . .

²⁴⁰ Vangani vafadzwa nemharidzo yekukwaniswa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] “Ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa.” Ndiyo yanga iri mharidzo yedu, mangwanani ano, muchitsauko 6 cheVaHebheru.

²⁴¹ Zvino tava kupinda munzvimbo iyo yatinotanga kuwana chi—chikamu chaicho. Oo, tose tinogona kubvumirana pazvinhu izvi: paHumwari hwaKristu; uye Iye ari Mwanakomana waMwari; uye kuti Akanga ari kuna Mwari sei, uye Mwari vakanga vanaYe; uye Akanga ari muna Mwari, uye Mwari vari maAri, nezvimwe zvakadaro. Tese tinobvumirana pane izvozvo. Asi, zvino, kubva pano zvichienda mberi, handizivi kuti tichabvumirana sei. Saka chero zvazvingava, husiku hushoma hwega-hwega, tichakupai mukana wekundinyorera kagwaro kadiki uye mudiudze zvamunofunga nezvaZvo.

²⁴² Saka ndichazofanira kupindura mibvunzo. Uye kana ndisingakwanise kuiwana, ndichati, “Hama Neville, munofungei pamusoro payo?” Ndichati, “Havo avo. Regai vaipindure.” [Hama Neville vanoti, “Ndipo pandichaverenga chiGiriki.”—Mupepeti] Saka ndipo pavachaverenga rakadudzirwa, voburitsa chiGiriki. Ndinofunga yave nguva yakuti ndiitewo, zvakare.

²⁴³ Asi, zvino, kana tikadzika uye tonyatsoperera, uye tonyatsouya nechinangwa chimwe chete, chokuti, tidzidze. Ndinoda kudzidzawo, zvakare. Uye Bhaibheri rakanyorwa, rikati, “Zviri. . . Magwaro haana dudziro yepakavanda.” Zvimoreva kuti Gwaro rinofanira kududzira Gwaro. Maona? Gwaro rega-rega rinofanira kududzira rimwe, nemuBhaibheri rose, kuzviita chinhu chimwe chete chikuru. Nokuti, Mwari havagone kushanduka, nokuti ndiMwari vasingashanduki.

²⁴⁴ Zvino, “Kusiya. . .”

Naizvozo tichisiya nheyo dzepakutanga dzedzidziso yaKristu, ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa; . . .

²⁴⁵ Ndinofarira Pauro achitaura zvinhu izvozvo. Pauro haana kumbova munhu aifarira kugara kwenguva refu panzvimbo imwe chete. Aifarira kuenda mberi, pakadzika. Imwe nguva, muMagwaro, akati, “Ini, ndichikanganwa zvinhu izvozvo zvakare, Ndinoshingairira ndakananga panharidzano yekudanwa kwepamusoro.” Maona? Anoramba achishingaira.

²⁴⁶ Apa akati:

Zvino tichikanganwa nheyo dzepakutanga dzedzidziso yaKristu (Aive Ani, zvaAiva), ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa; . . .

247 Zvino isu, chekutanga, taida kuziva, “Tinogona here kuva *takakwana?*” Uye taona, muMagwaro mangwanani ano, Mateo 5:28, kuti Jesu akati isu “taifanira kunge takakwana sezvakanga zvakaita Mwari,” kana kuti hataizopinda.

248 Zvino takazoono kuti isu taiva takadaro, munhu wese, “akaberekerwa muchivi, akaumbwa mukusarurama, akauya panyika achitaura nhema.” Uye pakanga pasina chinhu chimwe chete chakanaka patiri, saka taizova takakwana sei?

249 Zvino hezvino izvo zvatinoona zvino, apo, pakuverenga, tichitora Gwaro neGwaro, kuti, “Jesu, nechibairo chimwe, akakwanisa, nokusingaperi, Chechi yaKe.” Iye... Tinobva takwaniswa, kubudikidza naKristu. Uye tasunungurwa kubva pakutongwa, kubudikidza naKristu. Hatife takafa, kubudikidza naKristu. Takarasikirwa nerufu tikawana Hupenyu, kubudikidza naKristu; kwete kubudikidza nechechi ipi zvayo, kwete kubudikidza nechero sangano, kwete kubudikidza nechero chinoshamisa, kwete kubudikidza nekutaura nendimi, kwete kubudikidza nekudanidzira, kwete kubudikidza nekuzunguzika, kwete kubudikidza nekutamba muMweya, asi kubudikidza nenyasha.

250 Mwari vanodana waVanoda. Uye zvese zviri kubudikidza nekusanangura, tinozviona. Tinoona, kuti, “Haasi uyo anoda kuponeswa. Kwete uyo anoda kana uyo anomhanya; ndiMwari vanoratidza tsitsi.” “Uye hapana munhu anogona kuuya kuna Jesu kunze kwekunge Mwari vamukweva, kutanga.” Saka unei nehekuita nazvo, zvakadaro? Haunei nehekuita nazvo. Haumo munyaya yacho, zvachose.

251 Taona kuti munhu haafe akatsvaga Mwari. NdiMwari vanotsvaga munhu. Uye taona, ipapo, kuti Mwari ndivo voga tsime reHupenyu Husingaperi. Taona kuti chose chemuna Ziyendanakuenda hachina mavambo kana magumo. Nokudaro, tinoona kuti gehena rakave nemavambo, uye rine magumo. Uye pane bedzi... Hapana anombogona kutaura kuti gehena rinogara narinhi; narinhi, hongu, narinhi, asi kwete Nokusingaperi.

252 *Narinhi* “chikamu chenguva.” Bhaibheri rinoti, “Narinhi narinhi.” Uye ritarise uye uone kana *narinhi* zvisingareve “chikamu chenguva.” Jona akati aiva mudumbu rehove “narinhi.” Uye mamwe Magwaro mazhinji, *narinhi* zvinongoreva bedzi “chikamu chenguva.”

253 Asi, *Nokusingaperi*, ndiye “narinhi”; ndiye narinhi narinhi narinhi narinhi. Ndemuna Ziyendanakuenda. Uye tinoona kuti gehena harizi remuna Ziyendanakuenda, asi ndera narinhi. Uye chikonzero, unofanira kutarisa mazwi iwayo, zvino. Kana ukasadaro, unovhiringidzika. Zvino, rangarirai, zvinhu zviya chete zvisina kumbova nemavambo, hazvina magumo. Naizvozvo, Jesu akati, “Uyo anonzwa Mashoko

aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu,” narinhi? Zvinonzwika zvakanaka here? Kwete. “Ane Hupenyu Husingaperi.” Uye izwi rokuti *Nokusingaperi* ndi “Mwari.” Shoko racho, pano riri imomo chaimo mududziro yechiGiriki: *Zoe*, “Hupenyu hwaMwari” mauri. Uye unongove wemuna Ziendanakuenda saMwari vari vemuna Ziendanakuenda, nekuti una Mwari mauri.

²⁵⁴ Hunhu hwako hwekare hwakafa, hunhu hwenyika, uye unova chisikwa chitsva. Uye zvisiwo zvako, hupenyu huya hwekare hwakava nemavambo apo Mwari vakafemera mweya mumhino dzako, pawakaberekwa, hupenyu ihwohwo wehunhu hwepanyama hwakafa. Uye hwakanga huine mavambo uye hwakava nemagumo, uye hwakafa hukabviswa zvachose, hunhu hwekare. Zvino Mwari vakauya neHunhu hutsva. Zvino, rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, hunyoro, rugare, mwoyo murefu, nokupfava, nemutsa, zvakapinda; uye zvikatora nzvimbo yepfina, nehasha, neruvingo, ne—negodo, negakava, nezvinhu zvose izvozvo. Zvakatora nzvimbo yazvo, pawakabva murufu uchipinda muHupenyu. Mazvibata, chaizvoizvo, zvino here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

²⁵⁵ Saka, teerera. Pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi. Hutsvagei. Ndiko kuti, Mwari vega ndivo vane Hupenyu Husingaperi. Bhaibheri rakataura kudaro. Mwari vega vane Hupenyu Husingaperi. Uye kana munhu achizotambura mugehena, nokusingaperi, anofanira kuva naMwari, vemuna Ziyendanakuenda. Asi ndinotaura kuti pane . . .

²⁵⁶ Zvino, rangarirai, handisi kuti hakuna gehena rinopfuta. Kune gehena rinopfuta, moto nesurufu. “Uko go—gonye riri . . . moto wacho haudzimwi uye gonye racho harimbofi,” wemoto nesurufu, murango. Rinogona kugara kwemakore mabhiriyoni zana. Asi rinofanira kuva nemagumo, nokuti gehena rakasikirwa dhiyabhore nengirozi dzake. Uye zvose izvo Mwari chaivo, pachaVo, vaive pamavambo, zvinhu zvese zvakabva pana Mwari. Kana Mweya wacho chaiwo . . .

²⁵⁷ Chingatora *Mweya* werudo, ndicho chaiva chitubu chikuru chaMwari, chakachena, chisina kusvibiswa. Kubva ipapo, ndokuzova rudo *rwakatsveyamiswa*. Ndokubva rwazova rudo *rwemunhu*. Ndokubva rwazova rudo *rwepabonde*. Ndokubva rwazova rumwewo rudo, rudo nerudo, uye rwuchingoramba rwuchidzika mukutsveyama kusvikira rwangova *tsvina*. Asi zvinhu zvose izvozvo zvakave nemavambo. Uye rimwe zuva rwuchadzokera rwakananga chaiko kune rwepamavambo; nderwe muna Ziyendanakuenda; uko ruchiva, rudo rwevanhu, rudo rweruchiva, rudo rwose irworwo rwuchafanira kupera.

²⁵⁸ Kutenda kwese uku kwekabanga kuchafanira kupera. Pane Kutenda kumwe chete kwechokwadi. Kumwe kwose

kuchafanira kupera. Kwaive kwakatsveyama kwakabva pachitubu chemazvirokwazvo.

²⁵⁹ Saka, naizvozvo, gehena, kutambura, kutambura hakusi kweKusingaperi. Kutambura kwakaunzwa nokuda kwechivi, uye chivi chakaunza kutambura. Uye kana chivi chaperi, kutambura kuchafanira kuzoperawo, zvakare. Uye pachava nenguva apo vatadzi, vasina kumbogamuchira Kristu, mushure mekunge varangwa zvichida kwemakore mabhiriyoni zana, . . . Handizivi, pamwe kwemakore mazana gumi emamiriyoni bhiriyoni. Handikwanise kutaura. Asi zvichatosvika kumagumo, imwe nguva, nokuti hazvisi zvemuna Ziyendanakuenda.

²⁶⁰ Zvino, tava kushingairira mberi zvino, takananga pakukwaniswa. Zvino teererai, tichipinda muMharidzo.

. . . tisingaisizve nheyo dzekutendeuka pamabasa akafa, uye kubva pakutenda kuna Mwari,

Nedzedzidziso yerubhabhatidzo, . . . kuturika maoko, . . . kumuka kwevakafa, ne . . . kutongwa nokusingaperi.

²⁶¹ Zvino teererai. Tine miviri . . . Tine mufananidzo pano, zvino. Zvino ipo pano ndipo patichawana kumwe kusawirirana kukuru. Zvino unofanirwa kuona kuti mufananidzo wacho uri kupi. Pauro ari kuedza, pano, kupatsanura *murairo* kubva *kunyasha*. Tine mifananidzo miviri: mumwe, wepanyama; mumwe, wepamweya. Uye Pauro ari kuedza ku—kupa mutsauko pakati pemiviri, kuratidza maJudha. Tsamba iyi ndeye kuvaHebheru. Uye vaHebheru vose ari kuedza kuratidza muenzaniso weTestamende Yekare uchifananidzira Itsva. Saka, mune mifananidzo miviri pano iri kutariswa.

²⁶² Zvino nyatsoteererai tichiverenga. Zvino akati:

. . . tichisiya nheyo yepakutanga yedzidziso yaKristu, ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa; . . .

²⁶³ Zvino, tazviwana izvozvo mangwanani ano, kuti tinokwaniswa sei. Kukwaniswa, zvemazvirokwazvo tisina kana gwapa uye tisina mhosva, pasina kana chivi chimwe chete patiri. Uri pamusoro pemuedzo here? Kwete. Unotadza zuva nezuva here? Hongu, changamire. Asi, zvakadaro, tinokwaniswa nokuti tiri maAri. Uye Mwari havakwanisi kuzotitonga zvachose (havangave vakarurama), Vakatotitonga kare maAri. PaVakatonga Kristu, Vakanditonga, Vakakutonga. Uye haVakwanisi kunditonga zvakare, nokuti Akatora kutongwa kwangu kana ndakadzikinurwa.

²⁶⁴ Uye ndine tikiti rekuratidza kuti ndadzikinura wachi yangu kubva muchitoro chemukambo, regai mumwe munhu aedze kuidzoseri muchitoro chemukambo kamwe, apo ndiine tikiti. Ndakaidzikinura.

Uye kana dhiyabhore akaedza kuisa murango pandiri, ndine tikiti rinoratidza kuti ndakadzikinurwa. Hongu, changamire. Hapasisina kutongwa! “Uyo anonzwa Mashoko aNgu, uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi, uye haangatongouyi pakutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Ndiro tikiti rangu. Akapa vimbiso.

265 Zvino, zvino mufananidzo, pano.

... tisingaisizve nheyo dzekutendeuka pamabasa akafa, ne... kutenda kuna Mwari,

... dzidziso yerubhabhatidzo, ... kuturika maoko, ... kumuka kwevakafa, ... kutongwa kusingaperi.

266 Zvino, rangarirai. Macherechedza here izwi riya richishandiswa zvakare? Tarishandisa mangwanani ano, “Kutongwa Kusingaperi.” Kana Mwari vakangotaura, Ndezve Kusingaperi. Hazvikwanise kushandurwa, nepadiki pose. Saka, kutongwa ndekwe Kusingaperi, kunogara nguva dzose kuri kutongwa. Uye zvisinei nokuti chizvarwa chipi chatiri kurarama machiri, chizvarwa chimwe chicharama, uye murairo mumwe uchararama, uye ndewe kusingaperi, kana chero nguva, *neichi nechocho*. Asi kutonga kwaMwari kuchiri kweKusingaperi, Vanofanira kudaro, nokuti Vakataura Shoko. Kana Mwari vakataura Shoko, Rinofanira kuva reKusingaperi. Ndizvozvo chaizvo.

267 Zvino regai ndikuverengerei izvozvo kubva muchiGiriki. Inzwi kuti rinoverengwa sei.

Naizvozvo tichisiya—tichisiya nheyo dzepamavambo dzedzidziso dzaKristu, Uyo akarevererwa, tinofanira kusundira—kusundira takananga kune...

Zvino, handigoni kuzviverenga. Zvakadzimaidzwa. “Uye tisingaise zvakare chimiro...” Hezvinoi izvi pano.

... tisingaisezve chimiro chekuvandudzwa kubva pamabasa anokonzera rufu.

268 Zvino, dudziro iyi zvamazvirokwazvo haitori kududzirwa kwacho, zvachose. Ringori izwi rechiGiriki rezvinotaurwa nere Chirungu. Uye rati, “Zvino hatidi...” Teererai pano, munooni.

... tisingaise nheyo dzekuvandudzwa kubva pamabasa anokonzera rufu.

269 Zvino kana ukazviisa izvozvo mupfungwa dzako, zvezvaari kutaura pano, kuti, “Zvimiro zvekuvandudzwa zvinokonzera rufu.” Pauro akati, “Muchisiya nheyo dzepakutanga, endai pakunokwaniswa, tisingaisizve nheyo yekutendeuka pamabasa akafa uye neekutenda kuna Mwari: dzidziso dzerubhabhatidzo, kuturika maoko, rumuko rwevakafa, kutongwa noKusingaperi.” “Zvimiro zvekuvandudzwa zvinokonzera rufu,” ndiwo aiva mashoko chaiwo. Ndizvo chaizvo zvakanorwa naPauro. Munooni zvaari kuedza kuita?

270 Zvino, zvinhu zvose izvi, serubhabhatidzo: mumwe anobhabhatidzwa nemanhede, mumwe nemberi, mumwe muzita raBaba, Mwanakomana neMweya Mutsvene, mumwe zita raJesu, mumwe nenzira *iyi*, nenzira *iyoyi*, nezvinhu zvose izvi zvidiki zvakasiyana zverubhabhatidzo.

271 Nezve kuturika maoko: “Mwari ngavarumbidzwe, ndine chipo chekuturika maoko. Hareruya! Iwe, unogona kuChiwana nenzira *iyi*. Hareruya!”

272 Toisa zvose izvozvo parutivi, nokuti ndiwo mabasa akafa, vandudzo idzi, dzichivandudza. Maona? Ari kutaura nezverimwe boka. Zvino akati, “Ngatibvei pane izvozvo, uye tipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa.” MaZvibata here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

273 Uye chechi ichiri kunonokera iri muzvinhu izvozvo. Ndizvo zvavaiedza kuita. Chechi yekutanga yechiHebheru yaiedza kuti, “Zvakanaka, ndakabhabhatidzwa nekunyudzwa, uye—uye ndakawana *izvi*, *neizvi*, nezvinhu zvose *izvi*.”

274 Akati, “Zvino, zviisei parutivi zvose izvozvo, muchizvisiya kumashure.” Asi, zvino, akati hatifanire kuzviita here? Zvino chinzwai zvaakataura pamusoro pazvo.

Uye izvi tichazviita, . . . *Mwari achitendera*.

275 Zvino repamavambo rakataura zvimwe chetezvo.

Izvi tichazviita, *kana Mwari achititendera*, maona.

Izvi tichazviita, *kana Mwari atitendera*.

276 Rubhabhatidzo, kuturikwa kwemaoko, nezvimwe, asi izvozvo hazvina kukwana. Ndiko chete kuvandudzwa kwepanyama. Zvino ndipo panotsaukira machechi, nhasi, ndipo pakuvandudzwa ikoko kwepanyama. Mumwe wavo akati, “Oo, saka, mvura, izwi rekuti *rubhabhatidzo* rinoreva *izvi* uye rinoreva *izvo*.”

277 Uye vanoumba masangano: zvino mumwe anosasa, mumwe odurura, mumwe anobhabhatidza chiso chakatarisa kumberi, mumwe wacho nenhendashure, nezvimwe zvinhu zvose izvozvo; vamwe vavo vachiturika maoko pane vanorwara, vamwe vachigadzira vaapostora, vamwe vachigadzira vaporofita nevamwe vakadaro, nokuturika maoko; uye nokuparidza rumuko rwevakafa, uye zvinova zvakanaka; neHumwari hwepamusoro-soro hwaKristu, zvakanaka. “Asi,” akati, “zvose izvi kuvandudzwa kwetsika. Tiri kungovandudzwa. Zvino ngatiendei mberi tisvike pakukwaniswa.” Maubata mufananidzo wacho? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti]

278 Zvino tarisai. Apa ndipo panouya chikamu chakadzika zvino.

Nokuti hazvibviri kune avo vakambojekerwa, uye vakaravira chipo chokudenga, uye vakagoverwa Mweya Mutsvene,

Uye vakaravira shoko rakanaka raMwari, . . .simba renyika inouya,

Kana vakazotsauka, kuvavandudzazve kuti vatendeuke; nokuona kuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa, vachimuisa pakunyadziswa pachena.

279 Zvino, ndinoziva zvamunazvo imi vemutemo mupfungwa dzenyu iko zvino, asi munokanganisa. Maona? Zvakanaka. Ndinomira pane izvi, uye Bhaibheri rinozvisimbisa, kuti, “Kana Mwari vakamboponesa munhu, anoponeswa munguva Nekusingaperi.” Haukwanise kuRiita kuti ritaure chimwe chinhuzve.

280 Mumwe wedzidziso yezvepamavambo akauya kwandiri, kasiri kare, ndokuti, “Ndakakubatai pane chimwe chete, Muparidzi Branham. Ndakakubatai pane chimwe. Makati, ‘Kana munhu akaponeswa, aisazombofa akarasika?’”

281 Ndakati, “Ndizvo zvakataurwa naMwari.”

282 Akati, “Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Sauro akanga ari muporofita, uye akaprofita. Uye munoziva kuti aive muzodziwa waMwari. Bhaibheri rakati akanga ari. Zvino akazviuraya, uye akarasika.”

283 Ndikati, “Aiva here?” Ndikati, “Bhaibheri rinozivisa kuti akanga ‘akaponeswa.’ Mushure mokunge ava muvengi waMwari, akanga achakaponeswa. Bhaibheri rakati akanga akadaro. Uye, chokwadi chaicho, haana kuzviuraya. Mumwe muFiristia akamuuraya, uye Dhavidhi akauraya muFiristia wacho nokuda kwekumuuraya. Akawira pamunondo wake, pfumo rake, munondo, asi, akazviita. Hazvina kumuuraya. Zvino mumwe muFiristia akamuuraya. Uye paye Sauro paakaenda zasi kumuroi, zvino akadana mweya waSamueri, nokuti akanga asati apinda muKubwinya, akanga ari muparadhisu pasi peropa rakadeurwa renzombe nembudzi rakanga risingagoni kubvisa chivi. Asi aifanira kuva nenzvimbo yokumirira, inonzi paradhisu, kusvikira apinda.”

284 Ndipo apo imi vanhu vechiKatorike makavhiringika. Maona? Zvino, hapachina paradhisu zvino. Tinoenda takananga muHupo hwaMwari.

285 Zvino muroi wekuEndori paakadana mweya waSamueri, hapo paakamira. Zvino akawira pasi nechiso chake, ndokuti, “Wandinyengdzerei?”

286 Uye Sauro haana chete kunge akamira ipapo. . . Ndinoreva kuti Samueri, akapfeka nguwo dzake dzemuporofita, akanga achiri muporofita. Akati, “Wandidanirei kubva pazororo rangu,” akati, “uchiona kuti wava muvengi waMwari?”

287 Akati, “Zvino, Urimi haichatauri neni zvakare. Muporofita haachakwanisi kuporofita kwandiri zvakare. Handisi kana kuwana chiroto.”

288 “Zvakanaka,” Samueri akati, “wava muvengi waMwari. Asi mangwana hondo ichaenda nepamwe, uye uchafa mangwana. Uye panguva ino, mangwana manheru, unenge uneni.” Kana Sauro akanga arasika, naSamueriwo zvakare, vose vakanga vari pamwe chete. Zvirokwazvo. Bhaibheri rakataura kudaro.

289 Zvino, munogona kubatwa mumanyawi, nekutaura nendimi, kudanidzira, kugwinha-gwinha, kudedera, kumhanya muchikwira nekudzika nemunzira yepakati pezvigaro. Handina zvandinopesana nazvo. Asi unogona kuzviita kuti utende kuti wakaponeswa iwe usina, hauna kuponeswa. Hupenyu hwako hunozoratidza zvauro. Jesu akati zvaizodaro, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.” Hupenyu hwako hunozoratidza kuti wakaponeswa here kana kuti kwete, kana ukasamboshama muromo wako. Hucharatidza zvauro.

290 Asi zvese izvi zvekubatwa nemanyawi uye nekujoinha chechi, “Uye ndakabhabhatidzwa muZita raJesu, hareruya, ndinoziva kuti ndinaWo,” izvozvo hazvina chazvinoreva.

291 “Ndakabhabhatidzwa, nezita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, ndakatarisa mberi, katatu. NdinaWo.” Hazvireve chinhu.

292 Pauro akati, “Ngatipfuurirei mberi tisvike pakukwaniswa zvino.” Tiri kutaura pamusoro pekukwaniswa. Uye kana tikatevera izvi, muchaona kuti, vakakwaniswa ndivo Vasanangurwa. Ndichakuratidzai, mumaminitsi mashoma, neBhaibheri. Ndeavo Vasanangurwa avo Mwari, nyika isati yavambwa, vakaona mumwe nomumwe wavo. Uye Vakatumu Jesu kuzodzikinura vanhu ivavo, kwete pasi rose. Vaida kudaro, asi Vaifanira kugadzira nzira yeivavo. Uye nzira yoga yaVaigona kuita nayo, kwaiva kutumira Kristu; kuti Auye, muyananisi wezvivi zvedu, kuti avo vakasanangurwa, Azogona kuvaunza kwaVari, muKubwinya.

293 Ungafungidzire here Mwari vachifambisa hofisi yaVo zvisina tsarukano, sekuti, “Saka, pamwe mumwe munhu angafunga nekusuwa kwazvo pamusoro paNgu, pamwe vachauya kuzoponeswa”? Mwari havafanirwe kukukumbira kuti uite chimwe chinhu. Chero kukumbira kupi zvako, iwe ndiwe unofanira kunge uchikumbira, kwete Mwari.

294 Zvino, Kristu akafa kuti aponese avo Mwari, nokufanoziva, vakasanangura kuzosangana naVo mhiri vasina gwapa kana kuunyana. Nyika isati yavambwa, Vakakuona muKubwinya. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri, VaEfeso, chitsauko 1. Chitsauko 5, ndima 1. Mwari vakafanotemera kubudikidza nokufanoziva.

295 Zvino, kana Mwari vakaita izvozvvo, vakafanotitemera nyika isati yavambwa, uye vakaziva mumwe nemumwe wedu nezita, nyika isati yavambwa, uye vakatisanangura kuHupenyu Husingaperi, uye vakatuma Jesu Kristu kuti atidzikinure, kuti, zviuru zvitanzhatu zvemakore apfuura, Vakationa, kuti tiuye kurumbidzo dzaVo muKubwinya, ko ungamborasika sei?

296 Zvino, kana wakaponeswa, wakaponeswa. Kana Mwari vakakuponesa manheru ano, vachiziva kuti Vacharasikirwa newe makore gumi kubva nhasi, Vari kuparadza chinangwa chaVo pachaVo; Mwari, vasingagumirwi, Samasimba, vomuna Ziyendanakuenda, vohuchenjeri husingagumi, vasingazivi zvakakwana ipapo zvokuti vazive kuti uchamira here kana kuti hauzodaro. Zvino, kana Vakuponesa, uye voti, “Saka, Ndichamupa muyedzo, uye ndione zvaachaita,” ipapoka haVazivi magumo kubva kumavambo. Mwari vanoziwa zvaVari kuita, musatombonetseka nezvazvo. Ndiwe neni tiri kugumburwa mukufamba. Mwari vanoziwa zvaVari kuita. Uye Vaiziva isu . . . kana taizobatirira, kana zvataizoita.

297 Zvino, Bhaibheri rakataura kuti, Esau naJakobho, pasina mumwe vevana ivava aive ati azvarwa, Mwari vakati, “Ndinoda mumwe, uye ndinovenga mumwe wacho,” vasati vatombofema mweya wavo wekutanga, kuti kusanangura kwaVo kumire kuri kwechokwadi.

298 Abrahamu aiva ani (Tichasvika kwaari mumaminitsi mashoma, zasi kuno.), aiva ani, kuti Mwari vamudane, vamuponese pasina chinhu? Mwari vanoita sungano nemunhu, munhu anoputsa sungano yake. Asi Mwari vakaita Sungano iyi pachezvaVo, uye vakapika kwairi, pachezvaVo, munhu haana nechekuita nazvo. Kufanoziwa kwaMwari pachaVo, Vakazviita, zvakadaro.

299 Zvino, unoti, “Saka, Hama Branham, zvino kana ndikava Mukristu, ndinokwanisa kungoita chero chandinoda?” Zvemazvirokwazvo. Kana uri Mukristu, ita chero chaunoda. Uye ndinokuvimbisa, kuti hauzove nechishuwo chekuita zvakaipa. Unoita chero chinhu. Ndagara ndichiita chaizvo zvandaida kuita. Uye kana ndikashumira Ishe nokuti ndinotyia kuti ndichaenda kugehena, handisi kuVashumira zvakanaka. Kana ndikararama zvakatendeka kumudzimai wangu nekuti ndinotyia kuti anozondiramba, handisi murume akanaka kwazvo. Asi handingamurwadzisi pasina, nokuti ndinomuda.

300 Ndzivo zvazviri naKristu, kana munhu akazvarwa neMweya waMwari. Kwete nokuti akadanidzira, akataura nendimi, kana mamwe manyawi; asi mumwoyo make, rudo rwakapinda ndokutora nzvimbo yenyika. Ndinokuudzai, anoVada. Anofamba pedyo naVo, mazuva ose. Haufanire kumuudza, “Hazvina kunaka kuita *izvi*, kana *izvo*, kana *zvimwewo*.” Anoziva kuti zvakaipa. Uye, anofamba, chibereko

chakagadzwa chenyasha dzinozvitongera dzoga dzaMwari. Ndizvo chaizvo.

Nokuti hazvibviri kuna avo vakambojekerwa, . . .
vakagoverwa . . . kudanwa kwekudenga . . .

Zvino, isu dzimwe nguva takatenda kuti aive munhu akambojekerwa ndokutsauka zvakare, asi Bhaibheri harizviverengi saizvozvo. “Hazvigoneki zvachose kuti munhu,” anoti pano, “uyo akagamuchira Mweya Mutsvene, kuti ambofa akatsauka.” Zvino verenga uone kana izvozvo zvisiri izvo. Tarisa pano, tora chinyorwa, chinyorwa chese, uye nezviri mukati, zvinorehwa, waro.

³⁰¹ Zvino ari kutanga kutaura pamusoro pekuti, chii? “Ngatipfuurirei mberi tisvike pakukwaniswa.” Zvino, akati, “Kwete zvepanyama, kuisa nheyo pano dzedzidziso nerubhabhatidzo nekuvandudzwa, nezvimwe zvakadaro. Ngatisadaroi. Ngatipfuurirei mberi tisvike pakukwaniswa.” Nyaya yacho ndeye *kukwaniswa*, uye kukwaniswa kunouya naKristu. Uye takapinda sei muna Kristu? Nekujoinha chechi here? “NeMweya mumwe chete tese takabhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Kwete ne: kupinda nekutaura nendimi, kamwe; kupinda nekukwaziswa ruoko, kamwe; kupinda nekubhabhatidzwa mumvura, kamwe. “Asi noMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete.” Mazvibata here? Ndiko kukwaniswa.

³⁰² Uye paunopinda maUri, wava muna Kristu, uye nyika yakafa kwauri. Uye unofamba neGwayana zuva rega-rega, uye tsoka dzako dzakarongwa naMwari, zvokuita. Oo, miedzo nekuyedzwa zvatinopfuura nemazviri! Unoti, “Mune miyedzo here?” Hongu, changamire. Chii . . .

³⁰³ Nyasha ndeizvo zvakaitirwa naMwari, mabasa ndiwo andinoitira Mwari. Zvino, vanogadzira dzidziso kubva pazviri, vanofunga kuti mabasa ndiwo anowanisa kukodzera kwako. Kana zviri izvo, hachisi chipo chepachena. Nyasha ndeizvo zvawakaitirwa naMwari, “Nenyasha wakaoneswa.” Uye mabasa ndiwo aunaita mukukoshesa nyasha dzaVakaraidza kwauri. Uye kana uchiVada, unofarira kuita mabasa aShe. Zvirokwazvo, nokuti, ipapo, u—unoVada.

³⁰⁴ Kugamuchira Meda Broy, semudzimai wangu, ndizvo zvaakaitirwa nerudo. Zvaanoita, mukukoshesa: mudzimai akanaka, anogara pamba, anochengeta vana, uye anorarama hupenyu hwakanaka hwechokwadi. Handizvo nokuti hatina kuroorana; takaroorana. Asi anoita izvozvo mukukoshesa. Kana akamhanyira mudhorobha, zuva nezuva, opinda muchitoro chemukambo chega-chega, uye achikwira nekudzika nemigwagwa, uye asingambosuki ndiro, kana chimwe chinhu, tichiri vakaroorana. Zvemazvirokwazvo. Pandakaita mhiko yangu, zvakatoringana. Mudzimai wangu. Chero bedzi paine

hupenyu matiri, mudzimai wangu. Ndiyo mhiko yake. Asi kutenda kwakadini kwaanoita nokuda kweizvozvo: anogara kumba, uye ochengeta vana, uye oedza kuva mudzimai chaiye.

³⁰⁵ Ndaigona kumhanya kunze uye ndisipo nguva dzese, ndichingoenda kumafaro kwese-kwese munyika, uye ndomusiya achiziya nenzara, kana chimwe chinhu, ndosiya vana vasina chimwe chokudya; tichiri takaroorana. Kana akatondiramba, ndichiri ndakarooro, chero bedzi muine hupenyu mumuviri wangu. Ndakatora mhiko iyoyo, “Kusvikira nerufu taparadzana.” Ndizvozvo. Tichiri takaroorana. Asi, zvakadaro, ndinenge ndiri murume pasina. Iye anozova mudzimai pasina. Saka kana tichidanana, tinogara pamwe chete todhonza mutoro wacho, pamwe chete.

³⁰⁶ Ndizvo zvakaita Mwari neChechi yaVo. Kana uchinge wazvarwa muHumambo hwaMwari, uchange uine nguva dzako *dzakanaka nedzakaiya*, chokwadi, asi uchiri Mukristu, uchiri wakabarwa neMweya waMwari. Mwari vangatozofanirwa kukubvisa panyika nekukurumidza.

..hazvibviri kune avo vakambojekerwa, uye *vakaravira...chipo chokudenga...*

..vari vazotsauka, *kuti* vazvivandudzezve *kuti vatendeuke*...

³⁰⁷ Zvino, ndinoziva pamuri kufunga nezvazvo, chechi. Regai ndikutorei chimwe chakati simbei zvishoma, kuitira kuti vedivi re—remutemo vagone kuvharirwa kunze chaiko. Ngatiendei kuna VaHebheru, chitsauko 10, timbotarisa pane izvi zvishomanani bedzi.

³⁰⁸ Chitsauko 10, ndima 26.

Nokuti kana tichitadza nobwoni mushure... *tambogamuchira zivo yezvokwadi, hakuchine chibairo* chechivi,

Asi kumwe kutarisa kunotyisa...kwokutongwa *nokutsamwa kunopfuta somoto, kuchapedza* muvengi.

Uyo *wakaramba murairo waMosesi* wakafa *asinganzwirwi tsitsi* pasi pezvapupu *zviviri kana zvitatu*:

Zvekuti murango unorwadza zvikuru sei, kunyange kuchifungidzirwa...kunyange kwakakodzera,... akatsika...uyo akatsikira Mwanakomana waMwari pasi petsoka dzake, uye akaverenga *ropa resungano, raakaitwa mutsvene naro, sechinhu chisiri chitsvene, uye...akazvidza mabasa enyasha?*

³⁰⁹ Zvino unoti, “Ko izvoka izvo, Hama Branham? Zvinoratidzika sei?”

Zvino, kungoverenga, ndinofunga, “Magwaro haatauri izvozvo.” Hazvisi kutaura pamusoro peMukristu. Zviri kutaura nezvemunhu akanzwa Shoko akafuratira achibva paRiri. Maona?

Nokuti kana tichitadza . . . (Chivi chii? Kusatenda.) . . . kana tisingatendi nobwoni shure kwokunge taparidzirwa evhangeri, hapachina chimwe chibayiro chechivi,

310 Chivi chii? Kusatenda. Verengai Mutsvene Johane, chitsauko 4. Jesu akati, “Uyo asingatendi akatotongwa kare.” Chivi hakusi kuputa fodya, kunwa doro, kuita hupombwe. Unozviita nokuti hausi mutendi. Zvinongova chete zvibereko. Unozviita nokuti hausi mutendi. Kungosiya kuputa, kurega kunwa, nezvimwe zvakadaro, hazvireve kuti uri—uri Mukristu. Ndizvo zvingori zvibereko zvekutendeuka kwako. Asi, unogona—unogona kuita chero divi, uye zvakadaro usiri.

311 Zvino cherechedzai.

. . . uyo asingatendi nobwoni mushure meku . . .

312 Kwete—kwete, “Mushure mekunge agamuchira Kristu mumoyo make.” Bhaibheri haritauri izvozvo. Rakati, “Uyo ano . . .”

. . . kana tichitadza nobwoni, tisingatendi nobwoni, mushure . . . tagamuchira zivo yezvokwadi, . . .

Mazvibata? Zvanga zvisiri kutaura kuMukristu, zvachose.

313 Mumwe mudzimai akauya kwandiri, kasiri kare, ndokuti, “Hama Branham, ndiri Mukristu, asi ndakamhura Mweya Mutsvene.”

314 Ndakati, “Hazvibviri.” Mukristu haakwanisi kumhura Mweya Mutsvene. Haukwanisi kuzviita. Mweya weChikristu unopupurirana neMweya waKristu. Maona? Uye unodana, zvinhu zvese zvaMwari, “zvaMwari.”

315 Asi kana uine mufungo wepanyama, unoita dambe nekuseka Mweya Mutsvene; Handina basa kuti unoenda kuchechei zvakadii, uchiri mutadzi, uye uri kumhura Mweya Mutsvene. Pavakaona Jesu achinzvera pfungwa dzavo, vakati Aiva “muuki.”

316 Jesu akati, “Une . . . Ndichakuregerera nokuda kwaizvozvo, asi kana Mweya Mutsvene wauya, ukataura shoko rinopikisana naWo, haufe wakazviregererwa.”

Nokuti, vakati, “Ane mweya wetsvina,” vachidana Mweya waMwari, “chinhu chine tsvina.”

Mukristu haagoni kuita izvozvo. Mukristu anogara achidana Mweya waMwari, “Kururama.” Maona? Mukristu haakwanisi kumhura Mweya Mutsvene. Ndeuyo wekunze anomhura.

³¹⁷ Vakanga vasiri Makristu akamira ipapo. Vaive vanhu vechitendero, vaive maJudha emurairo, vanachiremba vedzidzo yechitendero, nezvimwe zvakadaro, uye vaiMuseka pamwe nemabasa aKe, vachidana mabasa aMwari, kuti, “Wakanga uri mweya wetsvina waizviita.”

³¹⁸ Uye vangani vaunofunga nhasi kuti vanomhura Mweya Mutsvene, vane D.D.D., Ph.D. pazita ravo? Vangani maOrthodox, maKatorike, maProtestanti vakuru, vakaomarara, vanofamba munzira vachiita dambe nekushanda kweMweya Mutsvene, vangori vari vadzidzi vakakwenenzverwa, uye vanotsvedzerera sebhata? Ndizvozvwo. Asi vanoita dambe neMweya Mutsvene, uye nokudaro vanoUmhura.

Asi Mukristu akazvarwa patsva haagoni kuita izvozvwo. Anoti, “Ihama yangu. Ndiwo Mweya waMwari mupenyu.” Ndizvozvwo chaizvo. Mukristu haakwanisi kumhura Mweya Mutsvene.

³¹⁹ Mutadzi ndiye anomhura Mweya Mutsvene; uyo asingatendi, *mutadzi*, “asingatendi.” Pane zvinhu zviviri chete: kuti uri mutendi, kana uyo asingatendi.

³²⁰ Zvino, cherechedzai pano, kuita kuti izvi zvipere zvino. Ndakave nechiratidzo chakagara chichindinetsa. Makore apfuura ndaimbozvitarisa. Ndakati, “Oo, kana munhu akambogamuchira Mweya Mutsvene ipapo, obva adzokera shure, aizorasika zvachose.” Handaikwanisa kuita kuti chimwe ichi chireve zvine musoro pamwe nacho.

³²¹ Ndakati, “Saka sei Bhaibheri rakataura, kuti, ‘Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma ane Hupenyu Husingaperi, Husingaperi, uye haangatongoyi pakutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu. Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye hapana mumwe wavo anorasika, Ndichavamutsa mumazuva okupedzisira. Hapana munhu angavabvuta kubva muruoko rwaNgu?’ Ko izvi zvinosiyana sei neizvi? Ndakangotadza kuzvinzwisisa. ‘Hazvibviri kune avo vakambojekerwa.’” Ndakafunga, “Pane chimwe chinhu chisina kumira zvakakanaka. Handisi kungokwanisa kuzvibata.”

Zvino ndakaenda kumusangano muduku wePentekosti, makore akapfuura.

³²² Hapana asara muchechi, ndinofungidzira, manheru ano, anorangarira. Makore akapfuura, apa paitove panguva iyo tabhenakeri payakavakwa. Kuda, vangave Hama Graham kumashure uko, kana mumwewo munhu. Handizivi, maiva pano pakutanga, kana kwete, hama. Hama Mahoney, ndinofunga, vaive. Hongu. Ndave pedyo nekuroora.

³²³ Chipa ichocho chichishanda, ndaitya. Vakandiudza kuti chaive chadhiyabhore. Handina kuziva kusvikira Mutumwa waJehovha andiudza.

324 Ndakaenda kuMishawaka, zvino ndakagara mumusangano iwoyo, uye handina kumbonzwa kudanzira kukuru nokuchema nokurumbidza Mwari. Ndakafunga, “Hama, rino ndiro Denga.” Uye, oo, kuti vaikwira nekudzika sei.

325 Vaifanira kuva nawo kuChamhembe, pamusana perusarura ganda. Vatema nevachena vaive pamwe chete. P.A. yeW. uye neP.A. yaJ.C. dzakanga dzanyatsobatana dzikava United Pentecostal. Asi rumutsiriro rwakadini rwavaiva narwo, ikoko patabhenakeri yeHama Rowe paMishawaka. Uye ini, kamuchinda kadiki kaida kuziva, ndakagara pachigaro chekumashure, ndainge ndakatarisa zvese izvi. Ndakanga ndisati ndamboona zvinhu izvi kumashure.

326 Paiva nemurume akanga akagara apa...Handisati ndambotaura izvi paruzhinji kumashure. Paiva nemurume akanga akagara kune rimwe divi, uye mumwe murumwe kune rimwe divi, zvino mumwe aitaura nendimi, uye mumwe wacho aizvidudzira. Zvino vaitaura zvinhu zvakasiyana-siyana zvaizoitika. Zvino, *uyu* aitaura nendimi, uye *uyo* odudzira. Ndakafunga, “Ini zvangu, hazvina here kunakisa!” Ndikafunga, “Zvinobwinya sei! Ava vanofanira kunge vari Ngirozi, dzakadzika dziri muchimiro chevanhu.”

327 Zvinoka, ndaingova nedhora nemasenzi makumi manomwe nemashanu, ekuendesha kumba, uye nda—nda—ndaingogona kuwana tangi repeturu. Ndakarara mumunda wechibage husiku ihwohwo. Ndine chikamu chazvo mubhuku, asi kwete zvose, nokuti ndakanga ndisingadi kurwadzisa manzwiro avo. Zvino saka, husiku ihwohwo, vakati, “Vaparidzi vose huyai papuratifomu.” Ndakanga ndiri papuratifomu. Ndaive muparidzi wechidiki pane vose ipapo.

328 Saka, mangwanani akatevera, vakandikumbira kuti ndiuye kuzoparidza. Ndakahwanda. Munoziva, murume wechitema akati, “Heunoi uyu pano.” Munorangarira nyaya yacho, paakandifumura ndigere ipapo.

329 Zvino mushure mekuparidza zuva iroro, ndichifambafamba, ndakafunga “Dai ndaigona kusvika kuvarume vaviri vaya.” Vakitungamirira musangano. Mumwe aisimuka obva ahanduka kuita muchena kumeso; aitaura nendimi. Uye mumwe aizvidudzira, uye opa mashoko, “ZVANJI NAJEHOVHA, ‘Pane munhu *akati-akati* pano, ane zita rokuti *zvakati-zvakati*, anofanira kuita *izvi* uye *nezvakati-zvakati*.’” Hama, chaive chokwadi. Zvino mumwe wacho aisimuka otaura nendimi, zvino iye aidudzira.

330 Ndakafunga, “Oo, ini zvangu, izvi hazvina kunakisa here!” Saka, zuva iroro, ndakafunga, ndakabuda kunonamata. Ndakafunga, “Ishe, Monditirawo izvozvo *zvakare*.” Ndakashaya kuti ndozvidaidza kuti chii, zviratidzo.

³³¹ Ndakabuda ndokunonamata, ndikakumbira Ishe kuti vandibatsire. Ndakapoterera seri kwechivakwa chacho, uye zvakaitika kuti ndakabva ndasangana nemumwe wavo. Zvino, Ishe vakandipa nzira yokuziva nayo zvinhu. Ndakamukwazisa ruoko. Ndikati, “Makadini?”

Akati, “Makadiniwo? Zita renyu ndiani?”

Zvino ndikati, “Branham.”

“Oo,” akati, “ndimi muchinda wechidiki aparidza mangwanani ano.”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

³³² Apo ndiri kutaura naye, ndakabata mweya wake. Zvino akange ari Mukristu wechokwadi, achingova hama yakachena, Mukristu. Ndinoreva kuti, akanga ari mutendi. Ndakafunga, “Oo, izvi hazvishamisi here!”

³³³ Zvino ingangoita awa kubva ipapo, kunze uko pedyo nemotokari, akanga akatarisa pamotokari huru, yaiva nepakanzi “Jesu Chete” pakanyorwa kumashure kwayo, uye amire kunze ikoko kwaive kwakamira mumwe murume wacho. Zvino ndakaendako uye ndikati, “Makadini, changamire?”

³³⁴ Akati, “Makadiniwo?” Akati, “Ndimi Hama Branham, vataura mangwanani ano.”

³³⁵ Ndikati, “Hongu, changamire. Ndini.” Ndikati, “Nhai, ndinofarira chipo chikuru chiya chaMwari chinoshanda mamuri imi hama mbiri.”

³³⁶ Akati, “Maita henyu, VaBranham.” Zvino ndakatanga kunzwa mweya wake. Chiratidzo chakauya. Zvino kana ndakambotaura nemunyengeri, heunoi aiva mumwe wavo. Mudzimai wake aive mukadzi ane bvudzi dema. Aigara nemukadzi ane bvudzi rakachena, aiva nevana vaviri naye. Akanga asitombori Mukristu zvake zvachose munyika.

³³⁷ Ndokubva ndati, “Ndapinda muneiko? Ndaifunga kuti ndiri muNgirozi, uye zvino ndinofanira kunge ndiri mumadhimoni. Pane chaitika. Heunoi mumwe, Mukristu wechokwadi; uye Mweya mumwe chetewo wakawira pamusoro pomurume *uyu*, uye waiwira pamusoro pemurume *uyu*.” Ndikati, “Zvino ndazovhiringika.” Handina kuziva zvekuita. Ndakachema ndikakumbira, kunaShe. Handina kuziva chekugamuchira.

³³⁸ Vakanga voda kundisvitsa kune...Akandibvunza kana ndaive ndakagamuchira Mweya Mutsvene, muchinda uyu akadaro, zvino ndikati, “Kwete, changamire, kwete nenzira yamakaUwana.”

Akati, “Wakambotaura nendimi here?”

Ndikati, “Kwete, changamire.”

Akati, “Saka hausati waUwana.”

339 Saka ndakati, “Zvichida zvamunoreva ndizvozvo, hama yangu. Pamwe handina, nekuti handina zvamunazvo.” Uye mushure mechinguva, ndakafara kuti ndaive ndisina.

340 Saka ndakabva ndazvitarisa, uye ndikaona mafambiro azvaiita.

341 Saka, rimwe zuva, ndakanga ndiri kunze kuno ndichinamata, kare. Ndichakuudzai kuti sei, kuti ndiani wandainamatira, aive Roy Davis. Zvino ndakanga ndiri kunze kuno ndichinamata, nokuti akanga andidana kuti “chidhori,” uye ndainamata kuti Mwari vamuregerere nokuda kwazvo. Uye akange aine muchina wekudhinda kumashure uko, akanyora bepa. Zvino muchina wekudhinda iwoyo wakabatira moto ukatsva, husiku hushoma mushure maizvozvo, pavaiushandisa.

342 Saka ndakanga ndakamira kumashure uko mubako rekare kuseri kweGreen’s Mill. Ndakafamba ndichibuda kunze ikoko. Zvino ndakanga ndichinamata, ndainge ndave seri ikoko, mazuva maviri. Ndakagadzika Bhaibheri rangu padanda rekare, apo, pandakaratidza Hama Wood, kasiri kare, ndakagadzika Bhaibheri rangu pasi. Ndakagara ndakatanangira danda racho. Zvino mhengo yakavhuvhuta. Ndakafunga, “Ndanga ndagarisa, mubako iroro, ndakange ndaverenga zvishoma.” Saka ndakabata Bhaibheri ndikatanga kuverenga, zvino ichi ndicho chitsauko parakanga riri. Saka, ndakatanga kuverenga, uye ndikatanga kunetseka ipapo. Maona?

Nokuti hazvibviri kuna avo vakambojekerwa, ... vakagoverwa Mweya Mutsvene,

... vakaravira shoko rakanaka raMwari, uye... nenyika inoyi,

Kana vakazotsauka, kuti vazvivandudze... pakutendeuka; nokuona kuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa, uye vachimuisa pakunyadziswa pachena.

343 Ndakafunga, “Hero Gwaro riya.” Asi chimwe chinhu chakanga chakarembere neni. Ndokubva ndatanga kufunga, “Hepano paataura kumashure kuno, pakutanga, ‘Tisingaisi nheyo yakafa yekutendeuka, pakutanga. Tisingaisi nheyo yekutendeuka,’ uye pano anoti, ‘Vachizvivandudza pakutendeuka. Asi ngatipfuurire mberi tisvike pakukwaniswa, tichiisa zvinhu izvi kumashure.’” Ndokubva ndatanga kuverenga. Ndikabva ndaverenga ndima inotevera.

Nekuti nyika inonwa pamvura inosinaya pamusoro payo, uye inobereka miriwo yakafanirawo avo vanoirima, inogamuchira maropafadzo kubva kuna Mwari:

Asi iyo inobereka minzwa nerukato inoraswa, uye iri pedyo nokutukwa; kuguma kwayo ndiko kupiswa.

344 Zvino pandakazviverenga, Chimwe chinhu chakabva changondizunguza. Zvino ndakafunga, “Ishe, izvo hazvinei naRoy Davis. Sei Mazodaro?”

345 Ndakatanga, kuvhura rimwe peji. Ndakatozodzokera kwaRiri, zvakare, “Hazvigoneki kuna avo vakambojekerwa,” ndokuRidzokorora zvakare.

346 Ndokubva ndafunga, “Ishe, chiiko ichi? Ko Munorevei, Ishe?”

347 Zvino ndakatendeuka ndokudzokera mubako rangu, kuti ndinamate pamusoro paRo. Uye pandakadaro, ndakaona nyika ichitenderera. Uye yose yakanga yakarimwa, zvakanaka kwazvo, pasi rose. Zvino ndakaona murume akanga akapfeka zvichena, achitenderera, akanga aine bhengi muruoko rwake. Akanga achikusha mbeu achitenderera. Akapoterera nepanogumira kuonekwa nyika. Zvino paakangopoterera, hepanoi pakauya mumwe muchinda akanga akapfeka hanzu nhema chaidzo, muchinda aitaridzika kuva nemano, achiverevedza *sezvizvi*, achitarisa. Zvino akanga aine mbeu. Zvino akanga achikanda chimwe chinhu kuseri kwayo, paaitenderera nenyika; achitarisa munhu wese uye achikanda. Ndakamira ndikatarisa chiratidzo.

348 Mushure mokunge aenda, nyika yakatenderera, zvino pakava nechirimwa chikuru, kwazvo, uye chakanga chiri chegorosi. Uye paiva nemasawi, chaguduma nezvimwe mugorosi.

349 Zvino kwakauya kusanaya kwemvura. Uye, oo, kagorosi kaya kadiki kakarembedza musoro wako, uye kaiva nenyota yemvura. Chaguduma chidiki chaiva nemusoro wacho wakarembera, uye chaiva nenyota yemvura. Munhu wese ainamatira mvura inonaya. Zvino mushure mechinguva, kwakauya gore guru ndokungodiridza pasi rose. Zvino chaguduma chidiki chakakwakuka, ndokutanga kudanidzira, “Kubwinya kuna Mwari! Hareruya! Ishe ngavarumbidzwe!”

350 Zvino gorosi duku, rakakwakuka, ndokutanga kudanidzira, “Kubwinya kuna Mwari! Ishe ngavarumbidzwe!”

351 Zvino ipapo Gwaro rakauya kwandiri, rinowanikwa muBhuku raMateo, chitsauko 5 uye ndima 45. Uye teererai kune zvakataurwa naJesu, muna Mateo 5:45. Uye nyatsoteererai zvino tichiverenga. Mateo, chitsauko 5 uye ndima 45, 46; 44, kutanga.

Asi ini ndinoti kwamuri, Idai vavengi venyu, ropafadzai vanokutukai, uye muitire zvakanaka vanokuvengai, munyengerere vanokushandisai zvakaipa, nokukutambudzai;

Kuti imi muve . . . kudana . . . imi muve vana vaBaba venyu vari kudenga: nekuti vanoita kuti zuva ravo

*risimuke pane...vakaipa uye nepane...vakanaka,
uye vanonayisira mvura pane vakarurama ne...
vasakarurama.*

352 Saka, munoona, mvura imwe cheteyo inoita kuti gorosi rikure, inoita kuti chaguduma chikure. Uye, naizvozvo, ndakawana mufananidzo wacho. Hoyo mupupuri wenyu wepanyama, arimo muchechi chaimo. Asi zvibereko zvake... Anogona kudanidzira, kusvetuka, kutamba, kutaura nendimi; asi zvibereko zvake: ichaguduma. Uye pane mumwe wacho, ane Mweya mumwe chete. Mweya Mutsvene unogona kudonhera muboka revanhu chaimo, zvino munyengeri anogona kudanidzira, neMweya Mutsvene, zvimwe chetezvo nechaguduma chinogona kurarama nemvura yatumurwa. Ndizvo zviriri kutaurwa nezvazvo naPauro pano. Asi hazvibviri kuti chaguduma chive gorosi, kana gorosi kuve chaguduma. Mazvibata here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

*Nokuti hazvibviri kuna avo vakambojekerwa, uye
vaka...vakaravira chipo cheMweya Mutsvene,*

*Uye...vakaravira shoko rakanaka raMwari, nesimba
renyika inouya,*

...kutsauka, kuti vazvivandudzezve...

Teerera zvaakataura.

*...nokuti mvura...inosinaya pamusoro penyika
kazhinji, kuzoidiridza nokuishongedza pano,
nokuigadzirira;*

*Asi...iyo iri minzwa nerukato yava pedyo
nokuraswa;...*

*Zvino, naizvozvo tichisiya masimba nedzidziso
dzaKristu, ngatiendei...pakunokwaniswa;
tisingaisizve nheyo dzekutendeuka nemabasa akafa...
kuna Mwari, nekutenda, nezvimwe zvakadaro,*

*...nedzidziso dzerubhabhatidzo,...kuturikwa
kwemaoko, nezvimwe;...*

353 Munoona, mutendi wepanyama, kare mumazuva iwayo, sezvazviri nhasi, anoda kuti, "Zvino, ndiri wekuchechi. Ndakatendeuka. Nda—ndakauya, ndikareurura. Ndakabhabhatidzwa." Munoona, vanoisa kune kuvandudzwa ikoko kwepanyama. Uye zvinoitei? Zvinobereka chaguduma.

354 Ko kukwaniswa kunoitei? Ndiro gorosi. Gorosi iShoko raMwari. Vanorishandisa seShoko raVo. IMbeu yaVo. Inobereka.

355 Zvinoenderana nekuti imbeu ipi yakakushwa mumoyo mako. Kana ukauya kucheche nekuda kwekuti unotyga gehena, kana ukajoinha chechi nekuti hausi kuda—hausi kuda kuenda kugehena, uchiri chaguduma. Kana iwe—kana iwe ukajoinha chechi kuti uve nemukurumbira, uchiri chaguduma. Kana

wakaita zvinhu zvese izvi zvetsika zvinofanira kuitwa, uye zviriri izvo zvoga zvaunazvo, uchiri chaguduma.

356 Asi Mukristu chaiye, wechokwadi anoshingaira achienda pakunokwaniswa kusvikira nyika yafa uye wova chisikwa chitsva muna Kristu Jesu. Saka, hazvibviri kuti munhu iyeye ambowa. Zvakataurwa neBhaibheri! Munoono kuti zvinoenderana sei nemamwe maGwaro ose? Munoono kuti Rinozviisa sei imomo panzvimbo yazvo?

357 Ko Ringati sei pano, “Munhu akamboponeswa haangambogoni kurasika” zvino rozouya neche kuno roti, “Asi, kana wakarasiika, kana kumhura, hazvigoneki”? Chokwadi, kana uri anomhura, hausi Mukristu.

358 “Hakuna munhu, unotaura neMweya waMwari, anodana Jesu kuti akatukwa.” Mutsvene Johane 4...kana kuti Johane Wokutanga 4. Hakuna munhu anotaura noMweya waKristu, anodana Jesu kuti “akatukwa.” Mweya wose, waMwari, uri muChechi yeChikristu, unobvumirana nezvose zvakataurwa naMwari.

359 Tinoverenga pano, uye toti, “Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu. Nemavanga aKe takaporeswa.”

360 Pfungwa dzenyama dzekare dzinoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura. Ndini *Chiremba Jones*.” Maona? “Hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodza kwaMwari. Hakuna chinhu chakadaro sechinamato chinonzwika kubva pamoyo. Munongova boka remanyawi. Mune manyawi. Munoono, ndizvo chete zviripo kwazviriri. Hapana zvazviriri. Tiri maPresbyteriani. Tiri maLutherani,” kana chero zvazvingava. “Tinoziva patakamira.”

361 Asi ko Mweya waMwari unoti kudii? Jesu Kristu, mumwe chete pano! “Ameni,” ndizvo zvinotaura Mweya waMwari. Unobvumirana neShoko nekukurumidza. Hongu, changamire. Uri ipapo chaipo. Munoono zvandiri kureva zvino?

362 “Vandudzo idzi dzepanyama dzinoita rufu,” akadaro Pauro.

363 Asi kwakauya Hupenyu, kukwaniswa uku, “Uyo anonzwa mashoko aNgu, anotenda kuna Iye wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi, uye haachazouyi mukutongwa, asi abva murufu achienda kuHupenyu. Ndichamupa Hupenyu husingaperi, ndomumutsa mumazuva ekupedzisira. Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri, uye hapana mumwe wavo anorasika.” Hazvigone kudaro.

364 Saka, hezvino zvazvinoita—zvazvinoita. Vanhu vanofunga kuti izvozvo zvinoina kuti vanhu vasununguke. Hama, haushumire Mwari uri pasi pekufinyama kwenyoka. Mwari havasi mumwe wemachinda aya ane chamboko chenyoka nhema, vachikutinhira kwese-kwese. NdiBaba. Ivo Rudo. Mwari Rudo.

Uye Bhaibheri rakati, muna Mutsvene Johane, “Uyo anoda ndewaMwari.”

³⁶⁵ Unoda Mwari. Handaidaro, toti ndabuda uye—uye ndodhakwa manheru ano. Handina kumbonwa, muhupenyu hwangu. Asi kana ndikabuda kunze uye ndikanodhakwa, ndaisazotya kurohwa. Hachisicho chikonzero chekuti ndisaende—ende, ndisaende kunozviita. Chikonzero ndisingazviiti, ndechokuti ndinoVada. Vanondida. Haasi mabasa emurairo. Hachisi chimwe chinhu chandinofanira kuita. Imhaka yekuti Vakatondiitira chimwe chinhu, uye ndinoVada nokuda kwazvo. Hezvoka izvo.

³⁶⁶ Saka, neMweya iwoyo imomo, wakavimbiswa, “Ndinomupa Hupenyu husingaperi, uye havangatongoparari.” Vakanyepa here kana kuti Vakataura Chokwadi? Vakataura Chokwadi. Saka, munona kuti Izvi zvinodudzira sei? Kusakwanisika ndekwekuti munhu awe mushure mekunge atopinda munyasha. Haakwanisi. Anogona kuwa, chokwadi, asi kwete kudzokera pakutendeuka, kudzokera panzvimbo uye oita mabasa ekare zvakare.

³⁶⁷ Saka imi mose muri kumhanya kubva parumutsiriro muchienda kune rumwe rumutsiriro, imwe nzvimbo uye neimwe, hauoni here kuti hauna kugadzikana, hauna kumira panzvimbo? Zvino, zvirokwazvo, unoti, “Hama Branham, handizivi kana...” chokwadi Mwari havangandipe shumiro yaVanayo, uye vondirega ndiri mukukanganisa. Uye dai isina kusimbiswa neGwaro, zvararo yainge iri kukanganisa, asi *herino* Gwaro rinoitsigira. Chechi haisati yambopotsa nzvimbo.

³⁶⁸ Vanhu vanoenda, vonojoinha chechi, vachipopotedzana, vachirwa, vachikakavadzana, ne—nezvese, uye vongorarama chero mhando yehupenyu hwemunyama, “Oo, hongu, ndiri Mukristu.”

³⁶⁹ Nhasi ndanzwa kureurura kwemumwe mudzimai mudiki andiudza kuti murume wake ari kufambidzana nemumwe murume. Akavabatikidza, munzvimbo nenzvimbo. Uye mudzimai ati, “Ndichakuzivisa kuti, ‘Ndiri Mukristu.’” Umhum.

³⁷⁰ Tarisai kuno kuna Jimmy Osborne, ari kunze kuno achiparidza Svondo mangwanani; neboogie-woogie, rock-and-rolled nezvose, muvhiki rose.

³⁷¹ Tarisai kuna Elvis Presley, mhando yaJudhasi Iskarioti wa1947, ndokujoinha Assemblies of God, muPentekosti, achitaura nendimi achiti Mweya Mutsvene, uye akatumira mweya yakawanda kunotambudzwa kupfuura mashabhini ese akambovepo mumakore makumi mashanu apfuura. Akatsveyamisa pfungwa dzevana vezera rekuyaruka pasi rese, kusvikira vasikana vadiki vaibvisa hanzu dzavo dzemukati vodzikandira papuratifomu, kuti iye anyore zita rake.

Achinyadzisira kwazvo zvekuti havamuratidze muterevhizheni, kubva muchiuno chake zvichidzika zasi, maitiro emuviri wake. Mweya Mutsvene, uchitaura nendimi, sehumbowo? Oo, hama, dai Mweya Mutsvene waivepo, Hawaizoita saizvozvo. Munoziva zviru nani pane izvozvo. Zvirokwazvo kwete. Mwari vanoda kuchena uye nekusave netsvina uye nehutsvene.

³⁷² Handiite zvachena uye zvisina tsvina uye nezvitsvene kuti ndizviite Mukristu. Asi Kristu, ari mandiri, anozvirarama izvozvo mandiri. Uye ndinoMuda. Uye kana ndikaita chimwe chinhu chakaipa, chinondipomera. Pakare ipapo ndinoti, “Mwari, ndiregerereivo.” Zuva nezuva, ndinofanira kukumbira ruregerero, zuva nezuva. Uye iwe unodarowa, zvakare. Zvirokwazvo, unodaro.

³⁷³ Asi zvino kana uri—kana uri munyama, unongomirira kumashure, woti, “Ah, saka, zvakanaka, ndiri wekuchechi.” Maona? Uyezve paunomhura, ndipo paunenge usina Kutenda kwakambopihwa kuvatsvene. Ipapo wobva waita dambe naWo, woUdaidza kuti, “Mweya wakaipa.” Woti, “Iro iboka revaumburuki vatsvene.” Zvino, unozvipatsanura pakati penyasha nekutongwa, zvararo unoparara zvachose.

³⁷⁴ Jesu akati, “Shoko rimwe rinopikisana naWo, harizomboregererwi munyika ino kana nyika inouya.” Uye Mukristu, akaberekwa neMweya, haangataure zvakaipa pamusoro paWo, nokuti hazviite. Unobvumirana naRo. Ndizvozvo chaizvo.

³⁷⁵ Ndicho chikonzero vanhu vachiedza kundiudza, kuti Shongwe yeMoto iya, inoonekwa pano nesu, vanoedza kutaura, kuti, “Aive dhiyabhore,” kuti, “Yaingova ngano,” zvese izvi. Asi kamera yakaratidza kuti Yakanga isiri. Uye mabasa ari muBhaibheri chaimo, Shongwe yeMoto imwe chete yakasangana naPauro munzira yake yekuDhamasiko. Zvinhu zvose izvi zvaAkaita kumashure uko, ari kuzviita chaizvoizvo nenzira imwe chete, neBhaibheri. NdiKristu, Mwanakomana waMwari.

³⁷⁶ Uye kana tazvarwa patsva, tine Hupenyu husingaperi, uye hatinaparari. Zvaisazogoneka kuti munhu awe. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri.

³⁷⁷ Zvino, teererai, tarisai zvinotaurwa naPauro. Ndichaverenga zvimwe zvacho zvese, uye moona kana zvisinganzwiki zvakanaka, zvino. Ngatipfuurirei mberi, kweminiti. Ndima 8.

Asi iyo inobereka *minzwa nerukato inoraswa*, uye iri pedyo nekutukwa; *kuguma kwayo ndiko kupiswa*.
(Ndiye uyo asingatendi.)

³⁷⁸ Zvino tarisai Pauro. “Asi, vadikani, . . .” Zvino ari kutaura nezve avo vari kuyedza kudzokera pasi pemurairo, munoziva, vachiedza kuita mabasa ose emurairo, asi anongori etsika sezvaangava. Vane rubhabhatidzo nekuturikwa kwemaoko, nezvimwe zvinhu zvose izvi.

Asi, vadikanwa, tinogombederwa zvinhu zviru nani pamusoro penyu, . . .

Hezvoka izvo. Muteererei zvino.

. . . uye zvinhu zvinofambirana neruponeso, kunyange—kunyange kubudikidza neizvi tinotaura.

Nekuti Mwari haazi asakarurama kuti akanganwe mabasa enyu nekushingaira murudo, zvamakararidza nekuda kwezita rake, kuti makashumira kuvatsvene, uye munoshumira.

³⁷⁹ Munoono zvaari kutaura nezvazvo? Haasi kutaura nezveMakristu vachidzokera shure, hazvibviri kudzoka. Ari kutaura pamusoro pevatendi vepanyama vanopinda nechimiro chekuvandudzwa. “Asi,” akati, “kunewe wakaberekwa patsva, iwe uri Mukristu, mudikani, tinogombederwa zvinhu zviru nani pamusoro pako. Hautaure zvinhu izvozvo. Haurarami mhando yehupenyu hwakadaro. Wakachengetwa pamwe naKristu.”

Ati kudii kumashure kuno? Zvino ngatiendei kuna VaHebheru 10, patange tiri mangwanani ano, zvakare. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

³⁸⁰ Zvino ngativhurei zvino, zvakare, kuna VaEfeso 4:30. Uye ngatitorei izvi, kweminiti chete, uye tione kuti izvi zvinorevei, kuti titsigire izvi, kuita kuti Gwaro rienderane neGwaro. VaEfeso 4, ngationei. VaEfeso 4:30. Ngativerengei tione zvaRinotaura. Teereri.

. . . regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, . . .

Tinobhabhatidzwa sei—sei muMutumbi? Mweya mumwe chete.

. . . regai kuchemedza Mweya mutsvene waMwari, wamakaisirwa chisimbiso kusvikira pazuva rokudzikinurwa kwenyu.

Ndizvo here? Wakasimbiswa muMutumbi waKristu, kubudikidza nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kwete kubva kune rumwe rumutsiriro uchienda kune rumwe, asi kusvika paZuva rekudzikinurwa kweMutumbi. Ndizvo zvaari. Saka, hapana nzira yekuti urasike.

³⁸¹ Unotya. Uye ndicho chikonzero kutya, kutya, kutya kunofambidzana nekupokana.

Rudo runofambidzana nekutenda. Ndinoda Baba vangu. HandiVaty, nokuti ndinoVada. Havangandikuvadzi. Vachandiitira zvakanaka. Dai ndaiVatya, uye, “Oo, handizivi kuti Vachazviita here, kana kuti kwete.” Maona?

³⁸² Asi kana ndichiVada, “Hongu, Baba, ndi—ndinoKudai. Uye ndinoziva Muri—Muri Baba vangu, uye Munondida, uye handityi asi kuti Muchachengeta Shoko reNyu. Ivimbiso yeNyu kwandiri.” Ndiwo maitiro anoita Mweya waMwari.

383 “Asi, oo, kana ndakaita *izvi*, kana ndakaita *izvo*.” Munoono, ipapo unouya kudivi remurairo, zvakare. Usambofa wakaenda kudivi remurairo. Harina kunaka.

384 Divi rakanaka ndiro raunoda. Ritori basa rakapera. Kristu akafa, uye chivi chakauraiwa paAkafa. Uye kana Mwari vakafanokugadza kuHupenyu Husingaperi, “Vose vaNdakapihwa naBaba, vachauya kwaNdiri.” Hezvoka izvo, haugone kurasika. Wakachengetedzwa nekusingaperi. “Nokuti noMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, uye nechibairo chimwe chete Akakwanisa nokusingaperi.” Hezvoka izvo. Hapana nzira yekuti tirasikirwe. Chaizvoizvo. Zvino, hazvikuite kuti unzwe zvakana here?

385 Zvino, ko unoziva sei kuti uri Mukristu? Kana mweya wako uchipupurirana neMweya waKe, kana rudo rwaMwari rwuri mumoyo mako, kana uine rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, hunyoro, mwoyo murefu, runako, kupfava. Ndipo apo iwe... Zvibereko zveMweya zviri kutevera hupenyu hwako.

386 Kwete nekuti unogona kutamba muMweya, oo, kune mutinhimira wechimanjemanje uyu, uchinyatsouridza papiyano, kune zvakawanda izvi pano zvekutamba muMweya. Zvinhu izvozvo zvakana. Asi vakaendesa zvinhu zvose kudivi remurairo, munoono, nokudaro, vakasiya Mweya waMwari kumashure.

387 Ndicho chikonzero, Mwari pavakatanga kuZviratidza, vakati, “Hazvina maturo. Hatidi chekuita naZvo.” Havazivi Mwari. Havana kumboZviona. Havakwanise kuZvinzwisisa, nekuti mune hupenyu hwakasiyana imomo. Hachizive, chaguduma hachizive zviri kuitwa negorosi. Rine hupenyu hwakasiyana.

388 Ndizvo zvazviri neMukristu, kumutendi ari munyama, mupupuri, anobuda achipupura, “Oo, hongu, ndiri Mukristu.” Zindudu guru riri mumuromo make, senzombe yekuTexas yakagurwa nyanga.

389 Mukadzi akapfeka chikabudura chake, anoti, “Oo, hongu, ndiri nhengo yechechi. Chokwadi, ndiri.” Zvibereko zvako zvinoratidza kuti hausu chinhu kunze kwekuva munyama. Ndizvozvo chaizvo. Zvirokwazvo, ndizvo. Pane chinhu chimwe chete chinokonzera izvozvo: chingave kusakwana kwepfungwa kana mweya weruchiva uri pauri. Ndizvozvo chaizvo.

390 Kana uchida kuita senyika, Bhaibheri rakati, “Kana uchida nyika kana zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harwusi kana mauri.” Saka hezvoka izvo.

391 Zvino, unoti, “Oo, Bhaibheri rakati, zvino ndinofanira kuzviita.” Kwete, handizvo izvozvo. Gara pano kusvikira Kristu akuitira chimwe chinhu, chinobvisa izvozvo kubva mauri. Zvadaro unobva waberekwa neMweya waMwari. Kwete zvaunoiita, ndeizvo zvaAkakuitira. Kusvikira wawana

rudo rwekuti wabva murufu kuenda muHupenyu. Uye ipapo wochitarisa hupenyu hwako, kana huri—kana huri kuenderana. Kwete nekuti unoedza kugadzirisa hupenyu hwako, asi nekuti Mwari vanokuunza mukuzviisa pasi peMweya waVo. Hausi iwe uri kuzvitungamirira munzira yaMwari. NdiMwari vari kukutungamirira munzira yaVo pachaVo. Kwete iwe uri kutungamirira, asi Mwari vachikutungamirira.

³⁹² Zvino tarisai izvi, zvino, tichingodzika takananga kumagumo. Ndimba 11.

Zvino tinoshuva kuti mumwe nemumwe wenyu aratidze kushingaira kumwe chete kuti muve netariro yakakwana kusvikira pakuguma:

Kuti murege kuva nousimbe, asi vateveri vaivo avo kubudikidza nokutenda nomoyo murefu vanodya nhaka yechipikirwa.

³⁹³ Zvino, chimwezve chitaurwa pano.

Nekuti Mwari wakati apa vimbiso kuna Abrahama, nekuti akanga asina mukuru kwaari waangapika naye, wakapika naiye amene,

Achiti, Zvirokwazvo nokuropafadza ndichakuropafadza, nokuwanza, ndichakuwanza.

³⁹⁴ Mwari pavakasangana naAbrahama! Zvino, Abrahama akagamuchira sungano, asina kana chaanokodzera zvachose. Sungano yakaitwa naAbrahama. Dzinongori nyasha dzoga, zvachose. Abrahama akanga asiri munhu ari nani. Akanga asiri munhu wehutsvene. Aingova munhuwo zvake. Uye Mwari, nekusanangura, vakasarudza Abrahama nokuti Mwari vakamusanangura; kwete nekuti Abrahama aizvida, nekuti Abrahama akaita izvi, nekuti aive munhu akanaka, nekuti akanga aine chero chaakodzera zvachose. Asi yaive sarudzo yaMwari. Mwari vakatora Abrahama.

³⁹⁵ Nhasi, sezvandataura, ndinotenda, “Tinosarudza vaparidzi vedu.” Tinotenderera, toti, “Zvakanaka, mumwe wemadhikoni akarega. Ngatitsvagei murume akanakisa muchivakwa kuti atore nzvimbo yake. Zvakanaka, mufundisi arega; ngationei, tigwana akanakisisa.” Dzimwe nguva hazvina kunaka.

³⁹⁶ Pavakasarudza murume kuti atore nzvimbo yaJudhasi, vakawana munhu asiri iye. Vakawana muchinda akanaka, Matiasi, munyori mukuru, mudzidzi, mumiririri. Vakati, “Achatongotora nzvimbo chaiyo. Vakomana, anoratidzika semurume chaiye.” Asi yakanga isiri sarudzo yaMwari. Zvino vakatora murume uyu, uye haana kana chimwe chaakamboitira Mwari.

³⁹⁷ Asi Mwari vakatora sarudzo yomuJudha mudiki, ane hashu, ane mhuno yakakombama akauya zasi ikoko nechiso chake chose, “Ndichadzika zasi. Ndichanovasunga.”

398 Mwari vakati, “Ndiri kuona chimwe chinhu maari. Ndichamushandisa.”

399 Zvino Mwari vakangozviratidza pamberi pake muChiedza chikuru ipapo. Zvino akati, “Ndimi Ani, Ishe?”

400 Akati, “Ndini Jesu. Handiti, zvakakuomera kuti ukave zvinobaya. Ko unoNditambudzireiko?” Saizvozvo, zvino Mwari vakatora murume *iyeye* vakamuita mumwe wevarume vakurusa vakambovapo pachiso chenyika kubva pana Jesu Kristu. Ndiyo yaive sarudzo yaMwari.

401 Nhasi, tinoedza kuita sarudzo. Imi machechi, munotumira murume *uyu* apa, nemurume *uyo* apa. Hazvifanirwe kuitwa nenzira iyoyo. Mwari ndivo vanotungamira. NdiMwari muna zvose, kubudikidza nazvose, pamusoro pezvose; kwete zvimwe zvinyorwa zveimwe chechi. Ndeizvo zvakataurwa naMwari pamusoro pazvo, zvinoita mutsauko.

402 Cherechedzai. Mwari vakaita vimbiso kuna Abrahamu, isina zviga. Uye zvino, mirai, Abrahamu haaifanira kuita chinhu chimwe chete. Mwari vakati, “Ndakatozviita.”

403 Mwari vakaita vimbiso kuna Adhamu, vakati, “Adhamu, kana ukasabata *ichi*, uchararama nekusingaperi. Asi zuva raunoudya, zuva iroro unofa.”

404 Adhamu akati, “Handizivi kuti ndezvei chaizvo, zvakadaro?” Anoendako obva audya, achivhiringidza.

405 Nguva dzese Mwari dzavanoita . . . munhu paanoita sungano yake naMwari, kana Mwari nomunhu, munhu anoputsa chikamu chake. Saka Mwari vakatozoita chimwe chinhu, nokuti Vakaona zvakanga zviriri munhu. Uye vaive vakafanogadzwa, vaive vakasanangurwa, uye Mwari vakatozoita chimwe chinhu. Saka Mwari vakadzika ndokuita sungano yaVo naAbrahamu, pasina zviga. Dai yaive yekusava nezviga, Abrahamu angadai akarasika, kare.

406 Mutarisei akagara zasi uko kuGera, akadzokera shure, achitaura nhema. Uye akapa mukadzi wake kune mumwe murume, kuti azviponese iye. Murume akadini! Akagara kunze uko, uye akadzokera shure. Mwari vakamuudza, vakati, “Usabve kumusoro kuno. Gara kumusoro kuno.” Nzara yakamudzanga. Akaritaira achidzika kwaive nyore kuenda. Munoziva zvinoitika kumunhu kana atora nzira iri nyore.

407 Akaritaira achienda, zasi uko uswa kwahwakanga hwakanyanya kusvibira. Zvino paakasvika zasi ikoko, akaudza mambo uya kuti mudzimai wake aiva hanzvadzi yake, kuti azvichengetedze pachake. Zvino, dzakanga dziri nhema. Uye chero murume zvake, angazitora mudzimai wake omupa kune mumwe murume, kuti azvichengetedze pachake! Hapo paaiva, akagara kunze uko mutende duku, akadzokera shure, achitaura nhema, uye akabuda kubva mune yake . . . akagurwa

zvachose kubva pavimbiso nezvose, asi akanga achiri muporofita waMwari.

408 Zvino paiva naAbhimereki, akanga ari murume akanaka, mutsvene. Chokwadi, aiita minamoto yake manheru ega-ega. Akawana ambuya ava, vemakore zana, vakauya zasi ikoko, vane runako uye vave vechidiki zvakare. Akati, “Ndiye musikana wandanga ndakamirira, saka ndichamuroora chete.”

409 Abrahamama akati, “Unogona kumutora. Ihanzvadzisikana yangu.”

Iye, “Ihanzvadzikomana yangu.”

410 Saka ndokumutora akaenda naye ikoko ndokuita kuti madzimai amugezese ne—nekumupfekedza zvipfeko zvakanaka, uye nekumugadzirisa se—semwanasikana wamambo. Zvino akaita minamoto yake, akazvambarara pamubhedha, akataridza tsoka dzake mudenga, ndokuti, “Mangwana, ndicharooro musikana akanaka uya wechiHebheru, hanzvadzi yemukomana uya—uya ari kunze uko. Oo, zvichave zvakanaka kwazvo. Oo Ishe, Munoziva kuKudai kwandinoita! Hongu, changamire. Zvakaisvonaka!”

411 Zvino Mwari vakati, “Wakangofanana nemunhu akafa.” Uh-huh!

412 [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] (Ruregero.) Abra- . . . Handiti, Abrahamama akanga akagara ikoko, achinyepa, akadzokera shure. Zvino heunoi murume uyu, murume akatendeka uye akarurama uye ane hunhu hwakatwasuka. “Handiti,” akati, “Ishe, Munoziva kuvimbika kwomwoyo wangu. Ko haana here kundiudza, kuti aiva ‘hanzvadzi’ yake?”

413 Vakati, “Ndinoziva kuvimbika kwemoyo wako. Ndicho chikonzero Ndiri kukuchengeta kuti urege kuNditadzira. Ndizvozvo. Ndinoziva kuvimbika kwemoyo wako. Asi murume wake muporofita waNgu.” Hareruya! Oo, kana idzodzo dzisiri nyasha, ndedzipi? “Akadzokera shure, achitaura nhema, uye akagara kunze uko, asi uyo achiri muporofita waNgu. Iwe chitora mupiro, uye uende kwaari, uye wonodzorerera mudzimai wake, kana kuti uri munhu akafa. Handizonzwa minamoto yako zvakare. Ngaakunyengeterere.” Ameni. Hezvoka izvo. “Ndiye muporofita Wangu.”

Zvino, unoti, “Oo, ndinoshuva kuti dai ndaive ndiri Abrahamama.”

414 “Kana takafa muna Kristu, tiri Mbeu yaAbrahamama, uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso.” Ndizvozvo. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Unoda kuRiverenga here? Handiti, Bhaibheri rakataura kuti—kuti vimbiso yakanga isiri kuna Abrahamama bedzi nembeu yake. Sewe . . . Abrahamama aiva nembeu zhinji, chokwadi, vana vakawanda. Ishmaeri akanga ari mwana wake. Akava nevana vanomwe kana vasere mushure mekufa

kwaSara, nemumwezve, Ketura. Asi, tarisai, mbeu yaive iyo yakavimbiswa, aive Isaka, uye nemuna Isaka kwakauya Kristu, nemuna Kristu kwakauya isu. Vimbiso haina zviga.

415 Zvino, ko Abrahamama? Handiti, angadai akaparara, zvingadai zvaisakwanisika kuti ambofe akadzoka zvakare. Chokwadi. Zvingadai zvaisakwanisika kuti Sauro adzoke zvakare, kana zvakadaro, waitozofanira kuverenga Gwaro nenzira iyoyo. Maona? Asi zvakanga zvisirizvo. Vimbiso yaMwari inogara nekusingaperi.

416 Ngativerengei pano kweminiti. Ndinoda kuti muZviverenge. Ndinoda kuti mutore VaGaratia 3:16, muverenge izvi, uye mugoona zvino kuti vimbiso yacho chii, uye moonu kuti ko dai—dai tiri vimbiso yaKe kana kwete, 3:16. Teererai pano. Zvakana. Ndichaverenga ndima 15, zvakare.

Hama, ndinotaura nemutowo wevanhu; Kunyange iri sungano yavanhu hayo, asi kana yasimbiswa, hakuna munhu anoishaisa basa, kana kuwedzera kwairi.

Zvino kuna Abrahamama nekumbeu yake (Mbeu, m-b-e-u.), kumbeu yake vimbiso yakaitwa.

“Kuna Abrahamama neMbeu yake.” Zvino tarisai.

Haarevi achiti, Zvino kumbeu dzako (zhinji), savanenge vari vazhinji; asi se...mumwe, Nekumbeu yako, anova Kristu.

417 Zvino, Kristu aive Mbeu yaAbrahamama. “Zvino isu takafa muna Kristu, uye tikabhabhatidzwa muMutumbi waKe, tiri Mbeu yaAbrahamama, uye tiri vadyi venhaka yevimbiso.” Zvino zvakamira sei, ko ungasombotsauka sei, kana Mwari vakaita vimbiso kwauri? Ko uchazombodzokera shure sei, wobva uchienda zvino wozofanira kuenda kugehena nokuda kwazvo?

418 Zvino, unoti, “Saka, hatigoni here kudzokera shure?” Zvamazvirokwazvo. Uye kana ukadzokera shure, uchazviwana, usanetseka hako. Abrahamama akazviwana, uye vamwe vose vakazviwana, uye uchazviwana. Usambofunga kuti zvinokupa kodzero yekutadza. Hazvidaro. Uchabhadharira zvese zvaunoita. Unokohwa zvaunodyara. Iwe ita chivi chidiki zvino uchakohwa bhava rese rekugezera rakazara. Ndizvozvo chaizvo. Asi, hama, hazvirevi kuti wakarasiika. Ndizvo chaizvo. Abrahamama akakohwa chaizvo zvaakadyara. Ndizvozvo chaizvo. Asi akanga achiri akaponeswa.

419 Sungano yakaitwa naMwari neIsraeri: vakarasikirwa nenhaka yavo, vakarasikirwa nenyika yechipikirwa ndokuenda kuEgipita, asi vakanga vasina kurasiikirwa nesungano yavo. Mwari vakati, “Ndinorangarira vimbiso yangu kuna Abrahamama. Ndinorangarira, uye ndaburuka kuzodzikinura vanhu vaNgu. Enda zasi uko, Mosesi, undoudza Farao, Ndati, ‘Rega vanhu

vaNgu vaende.’ Ndinorangarira kuti ndakaita vimbiso kuna Abrahamama nekumbeu yake.”

420 Ndizvo zvimwe chetewo nesu. Saka kana wakafa, uye hupenyu hwako hwakavigwa muna Mwari, kubudikidza naKristu, hapana chinhu chiri munyika chingagona kukubata. Zvino, unogona kuenda wonoita zvisizvo, asi kana uri mwana waMwari, zvamazvirokwazvo, zvechokwadi, uye ukaona wakanganisa, unosimuka woedza zvakare. Ndizvozvo, uye hauzorara ipapo.

421 Asi kana uri mbwende, kana uri chaguduma, kana pasina “simuka” kwauri, uchati, “Aa, saka, panga pasina chiripo kwaZviri, zvisinei.”

422 Humambo hwaMwari hwakafanana nemunhu akatora mumbure akaenda kugungwa, akaukandira mukati. Paakauya, aiva nekamba dzemumvura, matatya, nyoka, madzvinyu, mabuwebuwe, nehove. Ndiri Vhangeri kana Richiparidzwa.

423 SaIshe vanoudza mushumiri, saHama Graham, “Kwira kumusoro *kuno*. Enda pakona *iyi* umbonoraura kwechinguva, Hama Graham.” Zvakanaka, vanotora mambure avo voenda kumusoro ikoko votanga kukudza.

“Muri kuenda kupi, Hama Bill?”

“Ndiri kuenda kunze kune imwewo nzvimbo, uye ndonokandira pane kona *iyi*.”

424 Ndiri kudhonza, “Hedzinoi idzo, Ishe, Munoziva zvadziri.” Ndinodhonza mambure zvakare, “Zvakanaka, hedzinoi idzi pano, Ishe.”

425 Zvino, kamba yemumvura yakanga iri kamba yemumvura, pakutanga kwacho. Wangobatwawo mumambure. Ndizvozvo. Uye ndiyo nzira iyo vanhu vanobatwa mumanyawi, “Oo, hareruya! Hareruya! Ishe ngavarumbidzwe! Kubwinya kuna Mwari! Hareruya!” Vakangobatwa mumambure, ndizvo zvega.

426 Kana mweya uya wekamba wakare uri mavari, hazvisi kuzotora nguva refu, vanoti, “Saka, ndinokuudzai, . . .” Heunoi achienda, achikambaira achidzokera.

427 Uye chembere yekare Gakanje ichati, “Asika ini handisi kungoZvinzwisisa.” Maona?

428 Muzvare Buwebuwe akambogara ipapo kwechinguva chidiki, anobva ati “plop, plop, plop,” achidzokerako, “Saka, hapana changa chirimo maZviri, zvakadaro.”

429 Muzvare Nyoka vachati, “Oo, iboka revaumburuki vatsvene. Ndizvo zvega zviripo kwaZviri. Ndichadzika kune vane njere dziri nani kupfuura idzodzo.” Nhai, uri nyoka, kubvira pakutanga. Mambure eVhangeri akangokubata, ndizvo zvoga.

430 Asi hove dzinoendeswa kutafura yaTenzi. Dzakanga dziri hove, kubvira pakutanga. Mbeu yake yaive hove. Akatanga, ari

hove, uye Mwari vakaziva hove dzaVo kubva pamavambo enyika. Hareruya!

⁴³¹ Rangarirai, vese vari kufema mvura dzimwe chete dzine madhaka kunze uko. Vese vari kufema kubva murukova rumwe chete. Ndizvozvo. “Tese takaitwa . . . kunwa paDombo rimwe chete romweya. Vose vakadya mana murenje.” Karebhi naJoshua vakadya mana imwe chete iyoyo—iyoyo yakadyiwa nevamwe vose. Uye vose vakafira murenje. Asi paiva nevasanangurwa vaviri vaizoenda mhiri, uye vakayambukira mhiri. Ndizvozvo chaizvo.

⁴³² “Tese takanwiswa muChitubu chimwe chete.” Asi havasi vose vanonwa vakaponeswa. Tese takaitwa kuti tishevedzere pamwe chete. Tose tinoitwa kuti tifare pamwe chete. Asi Vasanangurwa ndivo vanoponeswa. Macherechedza here? Rakati, “Mweya miviri, mumazuva ekupedzisira, yaizova pedyosa kwazvo kusvikira yaizonyengera Vasanangurwa chaivo kana zvaibvira,” *kana zvaibvira*. Maona? Ndiwo Mweya waMwari chaiwo, wakasanangurwa kuHupenyu Husingaperi.

⁴³³ Zvino tave kuvhara. Zvino Hama Neville vachasimudzira pandinenge ndasiira pano. Zvakanaka.

Zvino ndinoreva, kuti sungano, yakasimbiswa kare naMwari muna Kristu, murairo, waiva makore mazana mana, makore mazana mana namakumi matatu shure kwaizvozvo, haungagone kushaisa basa, kuti chipikirwa chishaiswe maturo.

Ndiyo vimbiso yakapihwa Abrahamama naMwari, murairo usati watombovapo.

Nokuti kana—nokuti kana nhaka ichibva kumurairo, haichabvi kuchipikirwa zvachose: asi Mwari wakaipa kuna Abrahamama nevimbiso.

Kwete nezvaunoita, kwete nemirairo ipi zvayo, chero mitemo yechechi yako, nekujoinha chechi, kana nechero mumwewo murairo. Kuita kwenyasha kwaMwari zvamazvirokwazvo, kwauri. Hezvoka izvo.

⁴³⁴ Tarisai.

Naizvozvo sei muchishumira murairo? Wakawedzera nokuda kwokudarika, kusvikira mbeu yauya yakaitirwa vimbiso iyoyo; . . .

Hazvina here kungojeka semhino iri pachiso changu? “Wakawedzera, kushumira kusvikira Mbeu yauya, yaiva Kristu, kune Uyo akaitirwa vimbiso.”

. . . uye wakagadzwa nevatumwa uye nemumaoko emurevereri.

Zvino murevereri haazi murevereri wemumwe, asi Mwari ndemumwe.

435 Zvino, ndinosiira pano chaipo, kutangira ipapo chaipo kuna Hama Neville, paChitatu chino chiri kuuya.

436 Zvino manzwisisa zvatareva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kuti hazvibviri zvachose kuMukristu akazvarwa patsva kuti... Handisi kureva, zvino, anozvidaidza kuti, “akaberekwa patsva.” Ndinoreva, Mukristu chaiye, akaberekwa patsva, kutombowa achibva munyasha, haakwanisi kuzviita. Anogona kuwa, ndizvozvo, asi haakwanisi, zvachose, kubuda munyasha idzodzo.

Abrahama akawa kubva panyasha. Chokwadi, akadaro. Mwari vakamuudza kuti “agare ipapo.” Akabuda mairi, asi haana kurasikirwa nesungano yake. Akanga achiri musanangurwa waMwari. Akanga ari muprofiti akagara ipapo. Akagara akadaro. Achagara ari waMwari.

437 Zvino cherechedzai. Bhaibheri rakataura, kuti, “Israeri yose ichaponeswa.” Vangani vanoqviziva izvozvo? Bhaibheri rakati, “Israeri yose ichaponeswa.” Zvino, “Israeri haisi Israeri inova yepanyama, asi Israeri yepaMweya, nekuti zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri here, ndima inotevera chaiyo? VaGaratia. Zvakana. “Israeri yose ichaponeswa. Mumwe nomumwe wavo anoponeswa.” Tinova Israeri sei? “Nekufa muna Kristu, tinova Mbeu yaAbrahama, uye tiri vadyi venhaka maererano nevimbiso.”

438 Pauro akati, “Icho chiri kunze hachisi muJudha, asi icho chiri mukati, muJudha, Avo vakavimbiswa.” Uye tiri Mbeu yaAbrahama, kubudikidza nevimbiso, nemuna Kristu, tichiMugamuchira seMuponesi wedu pachedu.

439 Oo, ndinovimba muri kuzviona. Ndinovimba muri kuzvibata, kana mukagona kugara naZvo kwekanguva. Zvino neche muno umu pano tinopedzisa izvi, tobva tatanga pana Merkizedheki, zvinonyatsodzosa mune izvi zvakare. Tinotanga kuenderera mberi kune... Oo, Chingori, chinhu chose chinoshamisa. Asi tinogoramba tichipinda muzvinhu izvozvo zvakananyanya kunakisa.

440 Zvino, munoona, kana ukatora Izvi *pano*, zvinoita sokunge, kana ukakwanisa kuZviverenga nekungoona chete, semutendi weHutatu chaiye, anotenda kuti kune vanaMwari vatatu, akandiudza imwe nguva, kuti, “Mateo 3 zvirokwazvo yakanyatsotaura kuti kune vatatu, Vanhu vatatu chaivo muHumwari.”

441 Ndakati, “Ndinofanira kuzviona.”

442 Akati, “Tarisai.” Akamira chaipo papurupiti ino, akati, “Tarisai pano, Mateo 3,” akati, “Jesu paakabuda pakarepo mumvura, tarira, matenga akaMuzarukira, zvino Akaona Mweya waMwari wakaita senjiva. Uye Inzwi rakabva Kudenga richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, WaNdinofarira kwazvo.” Zvino paiva nevatatu: Mwanakomana

pamahombekombe; Mweya Mutsvene pakati; uye naBaba vari kumusoro.”

Ndikati, “Hama, Gwaro hariverengi *kudaro*.”

“Oo, hongu Rinodaro!”

Ndakati, “Zvino Riverengei zvakare, muone kana Richidaro.”

⁴⁴³ Zvino, heunoi mufananidzo wake. *Hevano*i Mwari, Mwanakomana; *havo* Mwari, Baba; *heunoi* Mwari, Mweya Mutsvene, akaita senjiva. Zvino tarisai. Bhaibheri rakati, Jesu paakabhabhatidzwa, “Mwanakomana akabuda pakarepo achibva mumvura, tarira, matenga pamusoro paKe akazarurwa. Uye Inzwi richitaura nezve...” Akaona Mweya waMwari, Mweya waMwari, wakaita senjiva. Kwete mumwe Munhu kumusoro *uko*, asi Mweya waMwari uyu ndiwo waive Njiva yaive pamusoro paKe, zvino Inzwi richiuya, richiti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofarira kugara maari.” Zvino verenga Mateo 3 uone kana isingatauri izvozvo. Maona? Kwete Vanhu vatatu, kwete zvachose.

⁴⁴⁴ Uye ndiyo nzira...Izvi hazvireve kuti hazvibviri kuti munhu ambofa akadzoka, zvino, paanodzokera shure. Haritauri izvozvo. Haritauri izvozvo. Rinoti, “Hazvibviri kuti munhu ambofa akadzoka kuzozvivandudza, mushure mekunge ambovako.” Haakwanisi kuzviita.

⁴⁴⁵ Bhaibheri rakati, “Uyo akaberekwa naMwari, haaiti chivi, nokuti haakwanise kutadza. Nekuti mbeu yaMwari inogara maari, uye haagoni kutadza.” Ndinganzi mutadzi sei, kana plane chibairo chiripo kuti chitore nzvimbo yangu? Ndingafa sei, kana rufu ndakarwubhadharirwa? Ndingafa sei, kana ini ndine Hupenyu Husingaperi? Ndingazviita sei? Haugone kuzviita.

⁴⁴⁶ Ndingazviite sei ndiine mvumo yakanyorwa kubva kuna meya weguta rino, kuti ndimhanye mamaira makumi matanhatu paawa nemuguta rino, uye poita mupurisa anondisungira kumhanya mamaira makumi matanhatu paawa? Ungazviita sei? Ndiine mvumo kubva kuna meya inoti ndinogona kuzviita. Haakwanise kundisunga. Kusunga kwake—kwake, anogona kuridza pito nezvimwe zvose, uye ini ndinogona kungorega kuzviteerera. Hazvireve chinhu; Ndiine mvumo.

⁴⁴⁷ Uye ndingagoita sei, zvino, mushure mokunge Kristu andifira uye ndova kururama kwaKe nokuda kwenyasha dzaKe norudo kwandiri? Ndingatadza sei, kana paine chimwe chinhu chiri pakati pangu naMwari, chibayiro? Handigoni kutadza. Handikwanise kuzviita. Mwari havambondioni; Vanoona Kristu. Anomira panzvimbo yangu. Uye kana ndikaita chero chinhu chakaipa, Kristu anatora nzvimbo yangu. Ndakareurura, “Ndakanganisa. Vakarurama. Ishe, munoziva moyo wangu. Munoziva kana ndiri kurevesa kana kwete. Zvino ndakanganisa. Ndiregerereiwo.” Mwari havambozvioni. Ropa

raJesu rakandifukidza, nguva dzose. Ko Mwari vangazondiona sei? Chivi chingave sei chi—chinoverengerwa kwandiri, iVo vasingakwanise kuzviita? Pandinongochiita, chinoregererwa. [Hama Branham vakaridza chigunwe chavo—Mupepeti] Ndizvozvo.

448 Sekungotora chekudonhedzeresa mushonga chi—chidiki sei*zvi*, chekudonhedzeresa mushonga muziso chidiki, ndochitora chizere neingi nhema ndochisimudza chiri pamusoro pebhava rebleach, ndongoidonhedzera imomo, uye zvararo ndoedza kuitsvaga zvakare. Inongoshanduka kuva bleach. Ingi inobva yava bleach. Uye ndizvo zviri, zvivi zvako zvakareururwa, kana uri muna Kristu. Pakati pako naMwari pane bhava rese rebleach, uye chivi chako chinova kururama nokuti Chibayiro chakarurama chakakumirira ipapo.

Pandinovika kurwizi pakupera kwezuya,
 Uye mhapo dzekupedzisira dzekusuwa
 dzavhuvhuta;
 Pane pfungwa imwe chete inondifadza uye
 inoita kuti moyo wangu ufare,
 Handizofaniri kuyambuka Jorodhani ndoga.

449 Ndicho chimwe chinhu chakanaka. Ndicho chimwe chinhu chakanaka. Handizofanira kurwuyambuka. Rimwe remazuva ano, tiri kuzovika zasi kumagumo enzira. Zuva richaramba kupenya, zvino Mwari vachadana.

450 Adhamu achasveverera ozunguza Evha, uye oti, “Mudiwa, heinoyi iyi. Yakwana nguva yekumuka.”

451 Evha achasveverera obata Abheri, oti, “Buda, mudiwa. Yakwana nguva yekumuka.” Abheri achabata Seti. Uye Seti achabata Noa. Noah achabata... Oo, zvichienda zvichidzika, zvichidzika kuna Abrahamu, uye zvichidzika vachiuya. Pachava nekuzununguka kukuru nekumuka panouya Mwanakomana waMwari. Tichamira mumufananidzo waKe pazuva iroro.

452 Zvino, kana ukaita chivi pano, uchachibhadharira. Ndine... .

453 Zviri kungoramba zvichiuya mupfungwa dzangu, ndinofanira kungozvitaure. Ndaedza kuzvinyaradza, kana kana kashanu. Ndinofanira kuzvitaure. Vangani vanorangarira hama iyi, mufundisi, aimbove neche kuno kuchurch of God? Hama, kumusoro kuno chaiko, zita rake rainzi ani? Aishandira Vorgang zasi uko. Oo, imi mose... The First church of God, ipo pano pakona. Kana, aimbotengesa maRawleigh's munguva ye—yekuderera kwehupfumi hwenyika. Murume chaiye ane humwari, mutsvene. Hama Smith vakatora nzvimbo yake kumusoro ikoko. Ndichadana zita rake mumaminitsi mashoma. Akanga ari munhu akaponeswa naMwari.

454 Rangarirai, kana ukasafamba maererano nekugadziriswa, uye ukaita chimwe chinhu chakaipa seMukristu, Mwari

vanokuyambira. Uyezve kana ukasatora yambiro, Vanongokubvisa chaipo panyika. Ndizvo zvaVakaita.

455 Munorangarira, muBhaibheri? Tarisai chechi iya yeVaKorinde. Akavaudza zvavaiva, maererano nenzvimbo, muna Kristu. Asi akavayambira nezvaizoitika. Uye vakazvigadzirisa pachavo, vakatwasanuka, kunaMwari.

456 Zvino hama diki iyi, yaive hama diki yakanaka kwazvo, ndinotenda, murume akaponeswa naMwari. Zvino akazviwanira basa zasi kuno ku... kwaVorgang's. Kana vamwe vevanhu vake vagere pano, ndinovimba hamufungi kuti ini... Handikuzivei kana makagara pano. Asi, Ramsey, Hama Ramsey, vangani vanorangarira Hama Ramsey kumusoro kuno kuChurch of God? Chokwadi, munodaro, murume mudiki akaisvonaka kwazvo. Zvino aimbouya kumba kwangu zvino taitaura pamwe chete, uye taigara ipapo tochemba uye tobatana maoko; Mukristu chaiye.

457 Rimwe zuva ndakapinda imomo zasi uko, ndichangobva mhiri kwemakungwa mumusangano, ndaiva nemotokari yangu ichiongororwa, Hama Ramsey vakati, "Chii chandingakuitira, Billy?"

458 Ndakati, "Itarisei, Hama Ramsey. Chinjai oiri."

459 "Zvakanaka," vakati, "zvakanaka, kwazvo." Vakati, "Makava nemusangano wakanaka?"

460 Ndikati, "Oo, Hama Ramsey, zvakanga zvakanakisa." Ndakati, "Ndinoshuva kuti mugoenda neni imwe nguva. Madii maendawo neni?"

Vakati, "Handichashumiri Ishe zvachose, Billy."

Ndakatarisa-tarisa, ndikati, "Mati kudii?"

461 Vakangoita sekuti, "HandichaVashumiri zvachose," ndokufamba vachienda.

462 Ndakafunga, "Oo, vari kungodarowo zvavo." Ndakapfuurira mberi, ndokuenda kumwewo.

463 Ndikadzoka ndokupinda mumota mangu. Ndakasvika kumba, ndikatanga kufunga nezvazvo, "Handichashumiri Ishe zvachose."

464 Ishe vakazviisa mumwoyo mangu kuti ndidzokere kunovabvunza zvakare. Saka, ndakati, "Meda, imbosara hako pano."

465 Zvino ndakapinda, ndokupinda mumota yangu ndokudzokera zasi, ndokumira zvakare, ndokupinda maVorgang's. Ndakati, "Hama Ramsey, ndinoda kukubvunzai mubvunzo."

Vakati, "Zvakanaka, Billy, chii?"

Ndikati, "Mataura, nguva yapfuura, hamuchashumiri Ishe zvachose. Manga muchingondiedza henyu, manga musiri here?"

Ivo vakati, “Kwete.”

Ndakati, “Hama Ramsey, imi—imi hamureve izvozvo.”

Vakati, “Hongu.”

Ndakati, “HamuVade here?”

Vakati, “Dai ndaiVada, ndaizoVashumira, handaidaro here, Billy?” vakafamba vachienda.

Ndakafunga. “Nhai, Hama Ramsey!”

Vakati, “Handichada kuramba ndichitaura nezvazvo zvachose.”

⁴⁶⁶ Ndakaenda kumba, ndikapinda mukamuri, ndikavhara musiwu. Uye, oo, unoziva kuti unonzwa kuremerwa chaizvo sei, sokunge watorera mucheche mabhisikiti kana chimwe chinhu, munoziva. Nda—ndakafunga, “Chii? Hazvigoni kuve zvakadaro. Chokwadi chimwe chinhu chakaitika kuna Hama Ramsey.”

⁴⁶⁷ Zvino pane mukomana mudiki wechitema, anonzi Jimmy, anouya kuno kuchechi. Ane rimwe gumbo, munoziva; anokamhina, tingangoti. Ndakanganwa zita rake, anoshanda zasi ikoko kwaVorgang’s, anomhanya nemakako. Akasangana neni, akati, “Munoziva, Mufundisi Branham,” akati, “Handizivi nezve ava Chiremba Ramsey vari pano.” Akati, “Ndakavaudza, rimwe zuva, akati, ‘Tese taitya kana kutoshama muromo wedu pano.’ Akati, ‘Makanga muri munhu ane humwari.’ Asi,” akati, “Vakatora magwaro avo emuparidzi zvino vakaenda kubhini ndokuabvarura, ndokuakandira mubhini, ndokuti, ‘Handichada chinhu chokuita nawo zvachose.’”

Akati, “Nhai, changamire!” Akati, “Hamufanire kudaro.”

Vakati, “Oo, Jim, ndapedza nezvokushumira Ishe.”

Saka akaenderera mberi, akati, “Imi hamurevese kudaro.”

⁴⁶⁸ Uye akati, “Vakabva vandiudza, vakati vari kudzika kuno kuzogadzirisa mavharuvhu avo, paZuva Revashandi,” ndinotenda ndiro racho. “Uye vakati, ‘Zvino, ndinoda kuti uuye undibatsire, Jim.’”

⁴⁶⁹ Akati, “Ndichakubatsirai kana ndabva kuchechi, asi kutanga ini ndiri kuenda kuchechi.”

⁴⁷⁰ Akati akadzokera zasi, “Zvino VaRamsey vakanga vachigadzirisa mavharuvhu emotokari yavo. Akati, ‘Jimmy, yambukira mhiri kwerwizi. Mabhawa akavharwa kuno. Yambukira mhiri kwerwizi unditengere kireti yedororo.’”

⁴⁷¹ Akati, “VaRamsey, ini ndakava nemhosva yezvinhu zvakawanda, asi handizombofi ndakava nemhosva yekuunzira muranda waShe kireti yedororo.” Akati, “Kwete, changamire. Handifi ndakaita izvozvo.”

⁴⁷² Zvino vakati, “Saka, enda hako. Iunze, Jim.”

473 Akati, “VaRamsey, ndinogadzirisira mavharuvhu enyu. Asi kana muchawana chero doro, muchaenda kunoritora mega.” Akati, “Handisi kuzombowanira muranda waShe chero chinhu chakadaro.”

474 Saka Ramsey akasvetukira mumota yaJimmy, akayambukira mhiri kwerwizi; ndokudzoka, akati dhakwei zvishoma, nekireti yedoro, achirinwa.

475 Akatanga kudzikira, ndokurwara. Maona? Mwari havana kugona kutaura naye. Ndakamuyambira, ndakaita zvose zvandaigona. Hama Smith vakaenda kwaari ndokumuyambira. Munhu wose akaedza kuita zvose zvaigona kwaari. Zvakadaro, akangozunguza musoro wake. Chii chaitika? Akarwara ndokufa. Zvakaratidza kuti vaive munhu akaponeswa. Kana Mwari vasina kugona kuvaita...kuvaunza mukuteerera, Vachatofanira kuvabvisa panyika nokuvaunza Kumusha. Ndizvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri. Ndizvo zvinovimbiswa neBhaibheri. Kana ukaramba kugadziriswa, unofanira kuuya Kumusha.

476 Saka Mwari havagoni kurasikirwa newe mushure mekunge Vakuponesa, asi Vanokwanisa kutapudza mazuva ako pano, uye vokuita kuti ubhadharire chivi chese chawakaita. Saka, kana ukatadza, uchafanira kubhadharira zvawakaita. Ingozvirangarira izvozvo.

477 Zvino, zvino Ishe vave nemi. Ndinotenda, manheru ano, kuti Hama Ramsey vanga vakaponeswa. Zvirokwazvo, ndinozvitenda. Asi havana kungoteerera Mwari, zvino pavakarega kuteerera Mwari, Mwari vakatozovaunza kumusha. Ndicho chinhu chega chekuita, nekuti, chaive chii? “Vaizounza kushorwa nekunyadziswa kuRopa ravakacheneswa naro.” Ndizvo here? “Uye nokuona sungano sechinhu chisiri chitsvene,” kana zvisiri izvo chaizvo zvakataurwa netsamba yeVaHebheru iyi. Maona? Zvaisagoneka kuti varasike, asi vaizounza kunyadziswa nokuzvidzwa, saka Mwari vaitofanira kuvabvisa panyika nokuvaunza Kumusha. Ndizvo chaizvo zvakanga zvaitika.

Zvino dai Ishe varopafadza, tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana kuti tinamate.

478 Zvino, Baba vatsvene-tsvene uye vane nyasha, zvirokwazvo tinoKutendai nokuda kwevimbiso yatinayo, yokuti haMufi makatisiya kana kutirasa. Makavimbisa kuti Maizoenda nesu nemuhupenyu, uye nemurufu Muchava pedyo nesu. Makativimbisa kuti tine Hupenyu Husingaperi. MakaHupa kwatiri pachena. Hatife takarasikirwa naHwo. “Vose vanouya kwaNdiri, vane Hupenyu Husingaperi.” Uye kana huri Hupenyu Husingaperi, haUna magumo, uye Makavimbisa kutimutsa muzuva rokupedzisira. Kune izvozvi tinotenda zvikuru. Tinotenda kuti Shoko reNyu rinotidzidzisa izvi. Rinotipa tariro

yechokwadi. Rinoita kuti tizive kuti Baba vedu Rudo. Vanotida, uye Vakatisarudza. Makati, “Imi hamuna kuNdisarudza, asi Ini ndakakusarudzai uye ndikakugadzai.” Uye ndinoKutendai, Baba, kuti Makaita saizvozvo. Uye vazhinji vagere pano, manheru ano, uye avo vakatemerwa kuHupenyu Husingaperi, uye vakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wavo pachavo. Uye zvibereko zveMweya zvinotevera hupenyu hwavo: hunyoro, kupfava, kuzvininipisa, rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, hunaku. Tinotenda nekuda kwazvo.

⁴⁷⁹ Uye tinonamata, Baba, kuti kana paine vamwe vari muno, manheru ano, vasina zvibereko izvozvo zvinovaperekedza, asi vakazorora pane zvimwe zvinoyevedza, nokuti vakanzwa manyukunyuku, rimwe zuva, nokuti vakabatwa nemanyawi, vakanzwa zvakanaka, vangave vakadanidzira, vangave vakaita zvinhu zvakawanda. Asi, Baba, kana vasina chibereko cheMweya, chinovachengeta zuva nezuva murudo rusingaperi, vachikanganwira mavengi vavo, vachigadzirisa zvakaipa zvavo, uye vachigara murugare nerudo, uye nokutapira nemutsa mumwe kune mumwe, uye nekushingairira Chechi, rudo kuna Kristu uye nekuvana vaKe, O Mwari woKusingaperi, vakanganwireiwo. Kunyangwe vari nhengo dzechechi, nhengo dzemutumbi wepanyika, dai vaenda zvino vagoisa parutivi mabasa iwayo epanyama, akafa, uye vagoshingaira kusvika pakukwaniswa. Zviitei, Ishe. Dai vauya kuna Iye akakwana uye vaMugamuchire seyananiso yavo yezvivi zvavo, kuti Agone kumira sechibayiro chakakwana chemurume ane mhosva nemukadzi ane mhosva. Uye muvape nyasha dzaKe dzerudo nerugare, kusvikira vauya muHupo hwaMwari kuzogara nokusingaperi. Zviitei, Baba.

Takakotamisa misoro yedu:

⁴⁸⁰ Kana paine akadaro anoda kuchinjanisa hupenyu hwepanyama hwezvitevedzwa, zverubhabhatidzo, zvekutekenyedzwa, zvezvinhu zvidiki zvepanyama zvakadaro, nemoyo chaiwo uzere nerudo chairwo, zvekuti—zvekuti unogona kufamba uchienda kumuvengi wako mukurusa, womumbundira nemaoko ako woti, “Hama, ndichakunamatirai. Ndinokudai.” Kana uchida kuchinjanisa chiitiko ichocho chezvinhu zvenyama nechitiko chechokwadi cherudo, ungasimudzawo ruoko rwako kuna Mwari here, uye woti, “Mwari, nditorei manheru ano, mudiite zvandinofanira kuva”? Ndichakunamatirai, kubva papurupiti pano. Mungashuvira munyengetero here? Simudzai maoko enyu.

⁴⁸¹ Mwari vakuropafadzei kumashure uko, changamire. Mwari vakuropafadzei, hama. Mumwewo munhu? Mwari vakuropafadzei, changamire. “Ndava nemakore ndiri muchechi.” Mwari vakuropafadzei, changamire. Mwari vakuropafadzei pano, hama. Mwari vakuropafadze kumashure uko, mudzimai mudiki. “Ndichakumbira Mwari kuti vandiite

kuti ndive nerugare.” Uno. . . Uri kushatirwa chaizvo here? Uri kurwara here? Unopokana here? Unonetseka-netseka here? Uri kushushikana kuti Ichokwadi here kana kuti kwete? Paunouya kuna Kristu, unouya uine vimbo yakazara, moyo uzere nerudo here? Unofamba uchienda kwaAri usingatyi here, uchiti, “Ndinoziva kuti ndiBaba vangu”?

⁴⁸² Uye hapana kupomerwa, wapfuura kubva murufu kupinda muHupenyu. Unozviziva. Uye unocherechedza hupenyu hwako: une rudo, unokanganwira, uri munyoro, une rugare, wakapfava. Zvibereko zvose izvi zveMweya zvinofambirana nehupenyu hwako, zuva nezuva. Uye paunongoita chero chinhu chakaipa, oo, ini zvangu, pazvinongouya mupfungwa dzako waita zvisizvo, nekukurumidza unozvigadzirisa, pakare ipapo. Usamirire imwe miniti, enda ipapo chaipo unozvigadzirisa. Kana ukasadaro, ipapo, hauna Mweya waKristu. Unogona kunge uri mudzimai akanaka, unogona kunge uri murume akanaka, unogona kunge uchifungwa zvakanaka muchechi, unogona kunge uchifungwa zvakanaka munharaunda, asi wakaenda mberi here pakunokwaniswa kwacho, kunzvimbo iyo yaunovimba zvizere naKristu? Uye neizvi, okupa chisimbiso. “Abrahama akatenda Mwari, zvikaverengerwa kwaari sekururama. Zvino Mwari vakamupa chisimbiso chekudzingsiswa, sechisimbiso.”

⁴⁸³ Zvino unoti, “Ndinotenda Mwari. Ndakareurura.” Asi Mwari vakakupa here chisimbiso cheMweya Mutsvene, chichidzoka muhupenyu hwako, cherudo, mufaro, zvibereko zveMweya, kuratidza kuti wakaponeswa? Kana Vasati vaita izvozvo, zvoreva kuti haVasati Vacherechedza kutenda kwako. Wangova nekupupura. Havasati vakugamuchira, pane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka. Ungada kuVagamuchira here, zvino? Simudza ruoko rwako, kana paine mumwewo munhuzve, tisati tanamata.

⁴⁸⁴ Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Mwari vakuropafadzei kumashure uko, zvakare. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Mumwewo munhuzve, tisati tanamata? Zvakanaka. Mwari vakuropafadzei, kumashure uko, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Ndizvozvo chaizvo. Maoko gumi, gumi nemashanu anga akasimudzwa.

Zvino ngatinamatei.

⁴⁸⁵ Ishe Vakaropafadzwa, pachigaro chavo, vari kuwana artari. Iri pachigaro chavo, pavagere zvino, paMataura kumoyo yavo, kuti “vakakanganisa.” Ndepazvigaro zvavo apo paMaisa chishuvo mumwoyo mavo, kuti ivo “vanoshuva kuva saJesu zvakawedzera.”

⁴⁸⁶ Vanoda kuti hupenyu hwavo hushandurwe. Vanoda kuva vakapfava uye vakaninipa. Vanoda kuva vanyoro uye vazere

nomoyo murefu. Vanoda kuva nokutsungirira, vachizvidzora. Vanoda kuva seMakristu, vakafanana kwazvo naKristu, kusvikira nyika inoti, pavanenge vachidzika nemugwagwa, “Murume uyo Mukristu chaiye. Mukadzi uyu Mukristu chaiye. Oo, ndivo vanhu vanyorosa, vakapfavisisa, vanotapirisa!”

487 Zviitei, Ishe, kuti vagamuchire chiitiko ichocho, manheru ano. Uye ngavasambozorora pakugona kwechechi yavo, pakubatana kwavo nechechi ipi zvayo, chero sangano zvaro; kanawo pamanyawi avo, pane chero chinhu chinonakidza, sekubatwa nemanyawi, chimwe chinhu chakaitika; dai vakadanidzira, vakataura nendimi, kana chimwewo chinhu.

488 O Mwari wemuna Ziyendanakuenda, vaitei kuti varege kuedza kuvimba kuti vasvike Kudenga pane izvozvo, nokuti takazviona nguva dzakawanda kwazvo zvichikundika zvinosiririsa. Uye Makati zvaizokundika, “Kana dziri ndimi, dzichaguma! Pane chiporofita, chichapera. Pane ruzivo, rwuchanyangarika. Oo, apo pane zvinhu zvose izvi, kunyangwe zvipo, zvishamiso zvekupodza, zvose zvichabviswa. Irwo rudo rwaMwari chete ndirwo ruchagara.”

489 Mwari, sikai izvozvo mumwoyo mavo, uye mogovaita kuti vazive kuti ndiwo Mweya unobereka zvibereko. Zviitei iko zvino, Ishe, apo takamirira paMuri, nokuti tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

490 [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...mabhora emoto achibhururuka, uye nekuona njiva dzichienda nekudzoka nemuchivakwa, kuona Kristu achipinda aine minzwa mumaoko aKe, uye mune waKe...Oo, munoziva here kuti ichocho chironywa chaantikristu? Akati, “Kana zvinhu izvi zvoitanga kuitika, zvino tarirai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwaswedera.” Saka ndicho chikonzero ndichifarira kushingaira miniti yega-yega yandinogona kucheche, uye nekukusimbisai. Hama Neville vanogona kusava nesu nguva dzose. Ndinotenda Hama Neville kuva mudzidzisi weEvhangeri akanaka, akadzikama. Hatizive kuti chii chichapinda mupurupiti ino, uye, kana chazosvika pano, “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Garai neShoko iroro. Musambofa makasiya Shoko iroro. Imi nyatsogarai naRo. Mirai makasimba murusununguko urwo Kristu akakusunungurai. Musapinzwa mumajoko ese iwayo ehuranda nezvimwe zvakadaro. Mirai makasimba, uye mumire makasununguka. Mwari vachakuropafadzai. Hatina chinhu munyika chatinoty.

491 Munogara muchinetseka. Ndinoona vanhu vachiuya kuzonamatirwa, vanopinda zvinoro-nyoro mumutsara. Nguva inotevera pavanoona mbuserere yekunamatirwa kwevanorwara, vanopinda mumutsara *uyu*, vonopinda mumutsara *uyu*. Handivapomere. Vari kuedza kuwana rubatsiro, asi vari kuenda nenzira isiri iyo. Uri kuita zvinopesana, zvakataurwa

naMwari kuti usaite. Maona? Paunofamba wakashinga kuChigaro chenyasha, uye uchitenda, kuti, “Chawakumbira, uchachigamuchira,” gara naCho. Ndiyo nzira yazvinoitwa nayo; kwete kungomhanya-mhanya kwese-kwese, kubva pachechi uchienda kune imwe chechi, kubva pambuserere uchienda kune imwe mbuserere.

⁴⁹² Handiti, vakaita mbuserere idzi dzekunamatira vanorwara semurwi wezvinhu zvisina maturo. Zvirokwazvo, vakadaro. Zvasvika panzvimbo iyo yokuti, vanhu vane njere, vanotarisa-tarisa uye voshamisika kuti zvinombori zvei. Ipapo, Mwari havadi zvinhu izvozvo. Kupodzwa hakufanirwe kunge kuri mumambuserere. Kupodzwa kunofanirwa kunge kuri muchechi yenharaunda yega-yega, zvipo zvese izvi zvichishanda. Asi musazvidzikisira nokubatirira pazvipo izvozvo. Musatarisa kune chipo. Kana Mwari vachida kukushandisa pane chimwe chinhu, Vanozviita. Asi, tarisa kune Mupi.

⁴⁹³ Martin Luther, kamwe apedza kutaura nendimi, akabvunzwa kuti sei asina kudziparidza, akati, “Kana ndikazviparidza izvozvo, vanhu vangu vachazotevera chipo panzvimbo yeMupi.” Ndizvozvo chaizvo.

⁴⁹⁴ Moody, imwe nguva, achitaura, uye akatanga, paakanga achiparidza kwazvo ari pasi pekufemerwa, akataura nendimi. Akati, “Mwari, ndiregerereiwo nokutaura mashoko ehupenzi.” Zvirokwazvo. Maona? Uye vaiva nezvinhu izvozvo. Tinotenda zvinhu izvozvo, asi zvinofanira kuiswa panzvimbo yazvo. Uye hazvifaniri kuitwa sehumbowo.

⁴⁹⁵ Hapana chinhu chimwe chakasara muBhaibheri, se “humbowo hweMweya Mutsvene,” zvibereko zvoMweya chete. Tsvagai chero nzvimbo iyo Jesu akataura kudaro. Hongu, changamire. Humbowo hweMweya Mutsvene chibereko cheMweya wako. Jesu akadaro, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.” “Uye chibereko choMweya ndirwo rudo, mufaro, rugare, kutsungirira, runako, rugare, hunyoro, kupfava. Uye chibereko chemuvengi kuvenga, ruvengo, pfini, gakava, nezvimwe zvakadaro; ndicho chibereko chemuvengi.” Saka, unogona kuyera nenzira yauri kurarama, paumire naMwari. Kana mwoyo wako wose uri murudo naVo, uye uchiVada uye uri munyoro, uye uchigara naVo zuva-nezuva, unoziva kuti wakabva murufu ukapinda muHupenyu. Kana zvisina kudaro, uye iwe wakasiyana, uri kungotevedzera Mukristu. Ndizvozvo chaizvo. Apo, kutevedzera kwese kwepanyama kuchaburitswa pachena. Tinozviziva izvozvo.

⁴⁹⁶ Saka, usarame mhando yehupenyu hwakadaro, haufanirwe kudaro. Ko ungadirei kugamuchira chinotsiva, apo matenga ese ari kumusoro azere nezvakanaka nezvemazvirokwazvo? Zvirokwazvo. Regai nditore Mwari, ndizvo zvandinoda. Amen.

497 Zvino, pane here auya kuzonamatirwa? Kana wakadaro, simudza ruoko rwako. Tava neshumiro yekunamatira vanorwara mangwanani ano. Ndinofungidzira zvino. . . Mudzimai uyu pano? Zvakanaka, hanzvadzi, mungauya kumberi here zvino? Uye hama yedu, mutana, pano, huyai zvino kuzozodza. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

. . . ndivhenekerei;
Oo, ndivhenekerei, Ishe, ndivhenekerei,
Regai chiedza chinobva muimba yechiedza
chindivhenekere.

498 HaVashamisi here? Ngatingokotamisai misoro yedu, muchinyararire zvino. Uye, *Ndivhenekerei*, zvakare. Zvino, huya zvino, munhu wese, kuti, “Vheneka. . .” ChingoVanamata mumweya wako zvino, munoona, kwave kunyarara. Shumiro yekunamatira varwere iri kuuya. Mharidzo yaperu. Ngatinamatei.

Regai chiedza chinobva muimba yechiedza
chindivhenekere;
Oo, ndivhenekerei, Ishe, ndivhenekerei.
Regai chiedza chinobva muimba yechiedza
chindivhenekere.

Kungova saJesu, kuva saJesu, (Oo!)
Panyika ndinoshuva kuva saYe;
Murwendo rwose rwehupenyu kubva panyika
kuenda muKubwinya,
Ndinongokumbira kuva saYe.

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka
kudaro,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chichipenya chakatipoterredza, masakati
neusiku,
Jesu, Chiedza chenyika.

Mose imi vatsvene veChiedza zivisai,
Jesu, Chiedza chenyika,
Zvino mabhero eKudenga acharira,
Jesu, Chiedza che. . .

Tigamuchirei, Ishe, apo tiri kuKunamatai.

Tichafamba muChiedza, Chiedza chakanaka,
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi
akajeka;
Chipenye chakatipoterredza masakati neusiku,
Jesu Chiedza chenyika.

499 Haungodiwo here kukweshwa ikoko? Unonzwa zvakanaka here? Simudza ruoko rwako, taura. Pane chimwe chinhu pamusoro peidzo nziyo dzechinyakare, rwiyo rwakare,

Ndingasva hangu ndava nadzo pane dzose idzi nziyo itsva dzemunyika dzaiswa, uye mumachechi eChikristu. Ndinoda dzenguva yekare, ndinoda.

Jesu, ndichengeteiwo pedyo nemuchinjikwa,
(Ini zvangu!)

Pane tsime rakakosha,
Repachena kune vese, hova inopodza,
Inoyerera kubva patsime reKarivhari.

Mumuchinjikwa, mumuchinjikwa,
Oo, kuve kubwinya kwangu nekusingaperi;
Dakara mweya wangu wakabvutwa wawana
Zororo mhiri kwerwizi.

500 Ndinogona kubuda munyika zviru nyore kana rwuri kuimbwa, haukwanisewo here? Zvinoshamisa sei! Zvese zvagadzikana here? Munoziva, ndinofara kuti ndakazvigadzirisa zvese, hamusi kudarowo here? Nyaya yekare yakagadziriswa yese, kare-kare. NdakaVaudza kuti, “Ishe, handidi dambudziko ripi zvaro zasi kurwizi. Ndi—ndinoda kuva nechokwadi zvino.” Ndinoda kuVaziva. Ndinoda kuVaziva.

501 Pane gomba hombe, rine rima rakaiswa pamberi pemumwe nemumwe wedu. Takananga nenzira iyoyo. Nguva yose panorova moyo wedu, tinoswadera pedyo nepedyo. Asi kana ndasvika ikoko, handidi kurira sembwende, ndinoda kuzviputira munguwo dzekururama kwaKe, ndopinda imomo, ndichiziva izvi, kuti, “NdinoMuziva musimba rekumuka kwaKe kuvakafa.” Kuti, paAchadana, ndichabuda kubva pakati pevakafa.

Ini zvangu . . .

502 *Kutenda Kwangu Kunotarisa KwaUri*, ngatirwuimbei zvino.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaUri,
Iwe Gwayana reKarivhari,
O Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzwei pandiri kunamata,
Bvisai zvivi zvangu zvose,
Kana kumbondirega ndichitetereka
Kubva padivi reNyu.

503 Zvino, Mudzidzisi mukuru, sezvaMakatidzidzisa muShoko reNyu rinoshamisa zvikuru, moyo yedu inongodendera, nenyasha dzokubvutwa, kuziva kuti takabva murufu tichipinda muHupenyu. Zvose kubudikidza nekunaka kwaIshe wedu Jesu, Wakatidana, uye akatisuka neRopa raKe, uye akatiisa pamberi peChigaro chaMwari, tisina chipomerwa, tisina mhaka, nokuti Akatora zvivi zvedu. Hatina chivi. “Mwari vakaisa kusarurama kwedu tose paAri, uye Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu.” Oo, tinoMuda sei, Gwayana guru raMwari!

⁵⁰⁴ Uye tinonamata, Baba, kuti Muchatipa chokutaura, zvokureva, zvatinokwanisa kuudza vamwe, kuti vagoMuzivawo, zvakare, nekuMuda, nokuti Anovada. Tipei nyasha idzodzi.

Uye ndinoKutendai, Baba, nokuda kwevacheche ava vachangozvarwa vachangopinda muhumambo hwaMwari. Dai vakawana chechi yakanaka yemunharaunda kumwe kunhu, uye ikoko vagokushumirai kusvikira rufu rwavasunungura kubva kumutumbi uno wekare wemarwadzo makuru nekudzimbikana, nokuvaisa pamberi paKe, vasina chipomerwa, vasina mhaka, muzera rinouya, neHupenyu Husingaperi. Nokuti tinozvikumbara muZita raKe. Amen.



VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHITANHATU ² SH057-0908E
(Hebrews, Chapter Six ²)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Gunyana 8, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org